**O’ZBEKSTAN RESPUBLİKASI JOQARI HA’M ORTA ARNAWLI BİLİM MİNİSTRLİGİ**

**BERDAQ ATINDAG’I QARAQALPAQ MA’MLEKETLIK UNIVERSITETI**

**Geografiya kafedrası**

**Ta’biyattanıw ha’m geografiya fakulteti geografiya qa’niygeliginin’ IVa-kurs studenti Men’limuratova Gulnazanın’**

# PİTKERİW QANİYGELİK JUMISI

**Tema: Shomanay rayonının’ awıl-xojalıg’ı tarawlarının’ rawajlanıwına sıpatlama**

| | |
|---|---|
| Jaqlawg’a jiberildi | İlimiy basshı |
| ___________________ | _______dots.İ.Turdımambetov |
| «___» _______2012 y. | |

Kafedra baslıg’ı: dots.G. Xodjaeva

No’kis- 2012 j.

**Mazmunı**


| | | |
|---|---|---|
| | Kirisiw………………………………………………………….. | 3 |
| **I-Bap.** | **Rayonnın' tabiyiy sharayatı ha'm resurslarının' awıl-xojalıg'ına ta'siri…………………………………………....** | 5 |
| a) | Rayonnın' geografiyalıq jaylasqan ornı ha'm shegaraları.......... | 5 |
| b) | Relefi………………………………………………………… | 6 |
| v) | Klimat sharayatı …………………………………………...... | 7 |
| g) | Suwları ha'm irrigatsiyalıq tarmaqları ………………….…… | 9 |
| | Topırag'ı,o'simligi ha'm haywanat dunyası..………………..….. | 11 |
| **II-Bap.** | **Rayonnın' xalqı ha'm miynet resursları**……………….…... | 15 |
| a) | Rayon xalqının' o'siw dinamikası…………………………..… | 15 |
| b) | Rayon xalqının' jas ha'm jınıs quramı ……………………… | 19 |
| v) | Rayon xalqının' milliy quramı ……………………….……. | 20 |
| g) | Rayonnın' miynet resursları …………………………….... | 21 |
| d) | Rayonda xalıqqa sotsiallıq xızmet tarawlarının' rawajlanıwı …. | 22 |
| **III-Bap.** | **Shomanay rayonının' awıl-xojalıg'ı tarawlarının' jaylasıwı ha'm rawajlanıwına sıpatlama……………………………** | 25 |
| a) | Rayonnın' jer fondı……………………………………….. | 28 |
| b) | Paxtashılıq………………………………………………… | 29 |
| v) | G'a'lleshilik……………………………………………….. | 32 |
| g) | Ovosh-palız eginleri **……………………………………….** | 34 |
| d) | Sharwashılıq……………………………………………….. | 35 |
| **IV- Bap** | **Rayonnın' transport tarmaqları menen ta'miynleniw jag'dayı………………………………………………………….** | 41 |
| | Juwmaqlaw…………………………………………………… | 44 |
| | O'mir qawipsizligi………………………………………… | 47 |
| | Paydalang'an a'debiyatlar……………………………………. | 53 |

# Kirisiw

G’a’rezsizlikten son’g’ı jılları o’ndiris tarmaqlarının’ jaylasıwı ha’m rawajlanıwı, a’sirese respublikamızda awıl xojalıg’ı tarmaqlarının’ rawajlanıwına u’lken itibar berilmekte. Bul bag’darda rayonnın’ sotsial-ekonomikalıq rawajlanıw ko’rsetkishlerinde awıl xojalıg’ı u’lken orın tutadı. Xojalıq tarmaqların bazar qatnasıqları tiykarında rawajlandırıw mu’lkshiliktin’ ma’mleketlik emes formalarına o’tiw, mu’lkti ma’mleket qaramag’ınan shıg’arıw, xojalıq ju’ritiwshi subektlerdin’ nızamlı xızmetin sho’lkemlestiriwge ayrıqsha itibar berilmekte.

Ha’zirgi waqıtta respublikamız hukimeti Aral ten’izi ekologiyalıq krizisi ta’sirinde bolg’an qıyın ekologiyalıq jag’dayda xalıqtın’ turmısının’ jaqsılanıwına, sotsiallıq, ekonomikalıq ma’selelerdi sheshiwge itibar berilmekte.

Prezidentimiz İ.Karimovtın’ «O’zbekstan XXI-a’sir bosag’asında: qa’wipsizlikke qa’wipler, turaqlılıq sha’rtleri ha’m rawajlanıw kepillikleri» shıg’armasında aytıp o’tkenindey «Ha’zirgi waqıtta ekonomikanın’ agrar sektorında u’lken xorlar bar. Olardı iske qosıw jaqın waqıt ishinde o’z na’tiyjesin beredi. Pu’tkil ekonomikalıq o’zgerislerdin’ juwmag’ı, turaqlılıq ha’m xalıqtın’ keleshegi ko’p jag’ınan tu’p o’zgerislerdin’ agrar sektordı ken’ qamırap alıwg’a, awılda reformalardı qanshelli teren’ alıp barılıwına baylanıslı boladı» dep atap ko’rsetti. Sebebi respublikamızda sanaat o’nimleri tiykarınan awıl-xojalıg’ı o’nimlerin qayta islewge tiykarlang’an bolıp, awıl-xojalıg’ının’ rawajlanıwı rayonnın’ sotsial-ekonomikalıq ma’selelerine baylanıslı bolmaqta.

Sonlıqtan menin’ bakalavr qa’niygelik jumısım «Shomanay rayonının’ auıl-xojalıg’ı tarawlarının’ jaylasıwı ha’m rawajlanıwı» degen temag’a bag’ıshlang’an.

Rayonnın’ qıyın ekologiyalıq sharayatı sotsial-ekonomikalıq rawajlanıwın boljaw, a’sirese awıl-xojalıg’ı tarawların rawajlandırıwdag’ı mashqalalar, awıl-xojalıg’ı o’nimlerin jetistiriwdegi qıyınshılıqlardın’ kelip shıg’ıw sebepleri u’yreniledi.

Bakalavr qa'niygelik jumısımnın' I-babında rayonnın' jaylasqan ornı, relefi, ta'biyiy sharayatı ha'm onı awıl-xojalıg'ı maqsetinde u'yreniw, ta'biyiy sharayattın', suw resurslarının' awıl-xojalıg'ı tarawlarının' rawajlanıwına ta'siri u'yreniledi.

Qa'nigelik jumısımnın' II-babında rayonnın' xalqı ha'm onın' o'siw dinamikası, miynet resursları menen ta'miyinleniw da'rejesi ken'nen u'yreniledi. Rayon aymag'ında sanaat ka'rxanalarının' kemligi, awıllıq jerlerde suwsızlıqqa baylanıslı artıqmash miynet resurslarının' payda bolg'anlıg'ı ha'm olardı jumıs penen ta'miyinlew mashqalaları u'yrenilgen.

III-bapta rayonnın' ha'zirgi waqıtta Aral mashqalası tiykarında kelip shıqqan qıyın ekologiyalıq jag'dayda sotsial-ekonomikalıq rawajlanıwı ken'nen u'yrenilgen. Rayonnın' baslı tarawlarına,olardın' alda turg'an wazıypalarına, awıl-xojalıg'ında keyingi suwsızlıqqa baylanıslı diyxanshılıq ha'm sharwashılıq tarawlarının' strukturalıq o'zgerislerine analiz berilgen. Rayonnın' sotsiallıq jag'dayı, xızmet ko'rsetiw tarawlarının' jaylasıwı, transport ekonomikalıq baylanısları, materiallıq texnikalıq bazası menen ta'miyinleniw da'rejesi u'yreniledi.

Bakalavr qa'niygelik jumısımdı jazıwda Qaraqalpaqstan Respublikası statistika ha'm makroekonomika basqarması, Shomanay rayonı statistika orayı, Shomanay rayonı ekonomikalıq ko'rsetkishlerinen, geografiya kafedrası oqıtıwshıları mag'lıwmatlarınan ken'nen paydalandım. Bul ushın olarg'a ha'm bilim bergen ustazlarıma o'z minnetdarshılıg'ımdı bildiremen.

# I-BAP. Rayonnın' ta'biyiy sha'rayatı ha'm resurslarının' awıl xojalıg'ına ta'siri

**Geografiyalıq jaylasqan ornı ha'm shegaraları.** Shomanay rayonı Qaraqalpaqstannın' arqa-batıs ta'repinde jaylasqan bolıp, qublasında Tu'rkmenstan respublikası menen, shıg'ısında Xojeli rayonı menen, batısın ha'm arqa batısında U'stirt ken'isligi arqalı Qon'ırat rayonı menen, arqa ta'repi Qanlıko'l rayonının' awıl-aymaqları menen shegaralasadı. Bul jerlerde a'yyemgi «Jipek jolı» dep atalg'an batıs penen shıg'ıstı jalg'astırıwshı jol kesip o'tetug'ın bolsa ha'zirgi waqıtları derlik Oraylıq Aziyanın' ko'plegen respublikalarının' ju'k tasıytug'ın u'lken mashinaları toparın quraytug'ın kolonnalar bizin' rayonımızdı da jag'alap o'tedi.

Shomanay rayonı 1950-jıldın' 7-oktyabrinde sho'lkemlestirilip,jer maydanı 63,6 $km^2$ qurap kelgen bolsa, 2010 jıldan baslap 78,3 $km^2$ quradı. Ha'zirgi waqıtta rayonda 52,2 mın'nan aslam xalıq jasaydı. Ortasha 1 $km^2$ jerge 64,9 adamnan tuwra keledi.Rayon jer maydanının' ken'eyiwi tiykarınan Xojeli rayonının Qarabaylı ha'm Tashkent massivi aymaqlarının' Shomanay rayonına beriliwi esabınan bolıp otır.

Rayonnın' geografiyalıq jaylasqan ornı jag'ınan A'miwda'ryanın' shep jag'ında jaylasqan bolıp, tu'slikte Tashawız, Xorezm oblastına, arqag'a Qon'ırat ha'm Moynaq rayonlarına alıp baratug'ın magistral avtomobil jollarınan shette jaylasqan. Sonday-aq, rayonnın' A'miwda'ryanın' on' jag'ında jaylasqan ekonomikalıq jaqtan rawajlang'an adminstrativlik rayonlarınan da uzaqta jaylasıp, olar menen transport ekonomikalıq baylanıs Taxiatas plotinası ha'm tazadan salıp iske qosılg'an No'kis-Xojeli arasında iske tusken ko'pir arqalı alıp barıladı. Tiykarg'ı temir jol transport magistralı rayonnın' shıg'ısında jaylasqan Qarabaylı stantsiyası arqalı a'melge asırıladı.

60-jıllardan keying'i Xojeli, Qon'ırat ha'm 80-jıllarda Qon'ırat-Beynew temir jol liniyasının' qurılıwı rayonnın' geografiyalıq jag'dayın jaqsılap, onda

o'ndirilgen o'nimlerdi Qarabaylı temir jol stantsiyası arqalı kerekli territoriyalarg'a sırtqa shıg'arıw ha'm basqa rayonlardan Shomanay rayonı ushın arnawlı ju'klerdi alıp keliwine qolaylı sha'rayat tuwdırdı.

Shomanay rayonı Orta Aziya-Oray gazoprovodınan o'zine kerekli bolg'an gaz janılg'ısın aladı. A'lbette, Shomanay rayonının' ekonomikalıq-geografiyalıq jaylasqan ornı, onın' sanaat tarawlarının' rawajlanıwına baylanıslı jaqsılanıp baradı.

**Relefi**: Shomanay rayonı territoryası jer betinin' du'zilisi ha'm onın' absolyut ba'lentligi boyınsha oypatlıqlar ha'm tegisliklerden ibarat bolıp sırtqı ko'rinisi boyınsha olar birgelki bolg'anı menen, onın' ayırım uchastkaları relefinin' payda bolıw sebeplerin esapqa alsaq, rayon territoriyasında bir neshe genetik tipte ajıratıwg'a boladı.

1. Por ha'm u'shinshi da'wir jatqızıqlarınan du'zilgen qatlamı denudatsiyalang'an platolar. Bul relef tipinin' Shomanay rayonı menen sıbaylas jaylasqan Qaraqalpaqstan U'stirtinde ko'remiz. Olardın' xarakterli belgisi fundamentin qurawshı paleozey erası jatqızıg'ının' ku'ta' teren'de jaylasıwı menen bir qatarda onın' u'stin jawıp jatırg'an tiykarg'ı taw jınıslar por ha'm u'shinshi da'wir ten'iz jatqızıqları ko'binese qatlam-qatlam bolıp, gorizontal bag'ıtta jaylasqan.

Shomanay rayonı territoriyasında Qaraqalpaqstan U'stirtinin' shıg'ıs chink relefi ayrıqsha ko'zge tu'sedi. Onın' bag'darı arqadan qublag'a qaray sozılg'an bolıp, Shomanay rayonı territoriyasında allyuvial oypatlıqlardın' betinen 40 metrden 80 metrge shekem biyiklikte jaylasqan. Shıg'ıs chinkte Qaraqalpaqstan U'stirtinin' basqa territoriyalarına qarag'anda juwılıw protsesi izi jaqsı bayqaladı. Olardın' izlerin ko'binese ha'r qıylı ko'lemdegi saylar formasında ushıratamız. Saylardın' uzınlıg'ı 100 metrden kem bolmay, olar geypara jerlerinde 2,5 km ge shekem jetiwi mu'mkin. U'stirttin' shıg'ıs chinkindegi samaldın' ha'm jer astı

suwlarının’ juwıw protsesi aktiv uchastkalarında ha’r qıylı ko’lemge iye u’n’girler payda bolg’an.

2. Deltadag’ı allyuvial jatqızıqlar ha’m ko’llerdin’ akkumlyatsiyası na’tiyjesinde payda bolg’an tegislikler. Shomanay rayonı territoryasında allyuvial jatqızıqlarınan du’zilgen tegislikler genezisi boyınsha toplang’an A’miwda’ryanın’ Aral aldı deltasına tuwra keledi. Aral aldı deltasında a’sirese qumlı-sazlı ha’m sazlı-qumlı tegislikler ken’ tarqalg’an. Olardın’ ko’pshiligi ha’zirgi waqıtta diyxanshılıq penen ba’nt. Sonlıqtan da bunday tegisliklerdin’ jer beti a’yyemgi ha’m ha’zirgi waqıttag’ı suwg’arıw tarawları menen tilimlengen. Olardan da basqa bunday tegisliklerge da’ryanın’ a’yyemgi ha’m ha’zirgi zaman tarmaqlarının’ an’g’arları, qumlı to’beler xarakterli. Bul qum massivleri tiykarınan allyuvial qum jatqızıqlarının’ ıdırap bir jerden ekinshi jerge samaldın’ ta’siri na’tiyjesinde alıp barg’an jatqızıqlarınan payda bolg’an. A’miwda’ryanın’ shep jag’asındag’ı a’yyemgi qurg’aq an’g’arlardın’ ishindegi jer betinin’ du’zilisinde ha’zirgi waqıtqa shekem ju’da’ jaqsı saqlang’anları Aqda’rya ha’m O’lida’rya. Ha’zirgi waqıtta onın’ ultanı to’beshik yamasa qum dizbekleri formasındag’ı bos qum jatqızıqları menen jabılg’an.

**Klimatı**: Shomanay rayonının’ klimatın payda etiwde jer betine ha’r jılı tu’siw mu’mkinshiligi bar quyash radiatsiyasının’ mug’darınan basqa usı rayonnın’ du’nyadag’ı en’ u’lken materiklerinin’ biri Evraziyanın’ oraylıq bo’liminde jaylasqanlıg’ı u’lken a’hmiyetke iye. Shomanay rayonı territoriyası respublikamızdın’ basqa rayonları keskin kontinental klimattı payda etedi.

1-keste

**Rayon boyınsha jawın-shashın mug’darının’ ko’rsetkishi**

| I | II | III | IV | V | VI | VII | VIII | IX | X | XI | XII |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 3,0 | 3,4 | 4,4 | 7,0 | 11,0 | 13,3 | 17,5 | 16,3 | 11,1 | 7,2 | 4,9 | 3,2 |

Rayon boyınsha jawın-shashın mug’darının’ tiykarg’ı bo’limi ba’ha’r aylarına tuwra keledi.

Klimattın’ kontinentallıg’ı sutkalıq ha’m jıl boylıq ko’rsetkishlerdin’ keskin o’zgeriwinde seziledi. Mısalı: rayon territoriyasında jıl dawamında baqlanatug’ın hawanın’ en’ joqarg’ı ha’m en’ to’mengi temperatura da’rejelerin bir-biri menen salıstırsaq olardın’ arasında u’lken ayırmashılıqtın’ bar ekenligin ko’remiz.

Rayon territoriyasına jıl dawamında keletug’ın Atlantika okeanı ıg’allı ha’m jıllı hawa massası bir neshe mın’ km uzaqlıqta jol basqanlıqtan rayon territoriyasına a’dewir qurg’aq bolıp keledi. Sonlıqtan da rayon territoriyasının’ klimatı qurg’aq ekenligi menen ajıralıp turadı. Klimattın’ qurg’aqlıg’ı jıllıq jawın-shashın mug’darının’ ha’dden tıs az ekenligi ha’m a’sirese jaz aylarında hawanın’ ju’da’ qurg’aq bolıp keliwinde jaqsı seziledi.

Jıldın’ suwıq bo’limindegi Shomanay rayonı klimatın payda etiwde arqa ta’repinen keliwshi suwıq hawa massası anıqlawshı faktorlardan esaplanadı.

Shomanay rayonı geografiyalıq jaylasqan ornı boyınsha arqa yarım shardag’ı ortasha poyaslardın’ arasında jaylasqan. A’sirese, qıs ma’wsimindegi u’stemlik etetug’ın hawa massasının’ xarakteri boyınsha ortasha poyasqa a’dewir uqsas bolg’an menen, tog’ay dala, dala zonalarınan territoriyanın’ ta’biyatın anıqlawshı elementlerdin’ biri esaplanatug’ın o’simliklerdin’ o’siw ha’m rawajlanıw mu’mkinshiligi boyınsha a’dewir parıq qıladı.

Gu’zdin’ birinshi bo’liminde hawa rayı jaz ma’wsimine usap a’dewir turaqlı boladı. Ashıq hawa, qurg’aq ku’nler u’stemshilik etedi. Qurg’aq ha’m jıllı hawa Shomanay rayonında ken’ tarqalıp paxtanın’ ashılıwın tezletedi. Gu’zdin’ qıs ma’wsimi menen almasıw datası sol territoriyada jıllı vegetatsiyalıq da’wirdin’ tamam bolg’anlıg’ın ko’rsetedi. Ba’ha’rdegi ha’m gu’zdegi ayazlardın’ esabınan geypara ku’nlerdin’ qısqaratug’ınlıg’ın esaplag’anımızda vegetatsiyalıq da’wir uzaqlıg’ı rayonda 188-194 ku’ndi quraydı. Usı da’wir ishindegi baqlanatug’ın plyus temperaturalardın’ jıyındısı 4100-4200$^0$ S. Rayonda jıl boylıq temperatura (+10, +13$^0$C) yanvar ayında (-5-8$^0$C.), iyul ayında (+26+28.$^0$S) iyul ayının’ maksimal temperaturası +44$^0$S tı quraydı.

Vegetatsiyalıq da'wirdin' uzaqlıg'ı, quyash nurlarına bay ha'm termikalıq resurslardın' mol ekenligi, egis ha'm jıyın-terim waqtında jawın-shashınlardın' az bolıwı, Shomanay rayonının' klimatının' diyxanshılıq ko'z-qarasınan qolaylı territoriya qatarında esaplanıwına mu'mkinshilik beredi. Bul o'z gezeginde rayonının' diyxanshılıqtı rawajlandırıw ko'z qarasınan ju'da' perspektivalı ekenligin ko'rsetedi.

**Suwları ha'm irrigatsiyalıq tarmaqları:** Shomanay rayonı gidrografiyalıq ko'z-qarastan A'miwda'rya basseyni zonasında jaylasqan. A'miwda'rya Orta Aziyadag'ı en' u'lken ha'm suwlı da'rya esaplanadı. Ol bir neshe onlag'an salalardı o'zine qosıp, olardı tutastırıwshı bir sistemanı payda etedi. Shomanay rayonı territoriyasında ha'r jerde ushırasatug'ın kishigirim ko'ller ha'm suwg'arıw sistemaları, kollektor-drenaj tarmaqları ha'm jer astı suwları menen birlikte tiykarg'ı suw resursları esaplanadı. Shomanay rayonı territoriyası tiykarınan Suenli suwg'arıw sistemasınan suw ishedi. Ol A'miwda'ryanın' ha'zirgi zaman deltasının' shep jag'asında ag'ıp, Xojeli, Shomanay, Qanlıko'l, Qon'ırat rayonların suw menen ta'miyn etedi. To'mendeg'i kestede rayon aymag'ınan ag'ıp o'tetug'ın tiykarg'ı irrigatsiyalıq tizimlerdin' ko'rsetkishleri berilgen..

2-keste

**Rayonının' irrigatsiyalıq tarmaqlarının' baslı ko'rsetkishleri**

| № | Kanal atları | Ekspluatatsiyag'a berilgen jılı | Suw o'tkiziw mu'mkinshiligi m\$^3$s | Kanal zonasında jaylasqan ga | Kanal uzınlıg'ı km esab. |
|---|---|---|---|---|---|
| 1. | Shomanay ı | 1947 | 50 | 12600 | 56,7 |
| 2. | Mamıy | 1974 | 3 | 435 | 7,6 |
| 3. | Birleshik | 1972 | 5 | 580 | 9,0 |
| 4. | Maylı o'zek | 1987 | 3 | 735 | 4,8 |
| 5. | Alimjap | 1967 | 3 | 305 | 3,5 |
| 6. | Aqjap | 1967 | 12 | 3909 | 9,0 |
| 7. | Kirov kanal | 1958 | 45 | 9600 | 19,0 |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| 8. | Ilaqalı | 1975 | 8 | 3277 | 8,0 |
| 9. | Kindik o’zek | 1967 | 40 | 2531 | 28,0 |
| 10. | Musaev | 1969 | 23 | 1138 | 21,0 |

Shomanay rayonı territoriyasında tiykarınan eki ulken kanal Shomanay kanalı ha’m Kirov kanalı o’tedi,sonnan Shomanay kanalınan O.Ko’kko’zov, Shomanay, M.Abdullaev, Aybu’yir xojalıg’ının’ bir bo’legin suw menen ta’miynlese, Kirov kanalınan Diyxanabad, Doslıq bayrag’ı, A.Musaev ha’m Aybu’yir xojalıqlarının’ bir bo’limi suw ishedi. Olardın’ ha’r qaysısı birneshe kanallarg’a bo’linedi. Mısalı: Shomanay kanalınan Birleshik, Abat jap, Satıbay jap, Aqjap, Maylıo’zek, Alımjap ha’m basqalar suw ishedi. Al Kirov kanalınan Ilaqalı jap, Kindiko’zek, Telman jap ha’m basqada xojalıq-aralıq kanallar suw aladı.

Shomanay rayonı territoriyasında jer astı suwlarının’ jaylasıwı ha’r qıylı. Jer astı suwlarının’ jaylasıwı a’dette, jer betindegi jatqızıqtın’ mexanikalıq sostavına ha’m jer u’sti suwlarının’ jaylasıw o’zgesheligine tikkeley baylanıslı. Bul awhal a’sirese Shomanay rayonı sha’rayatında ku’ta’ ayqın bayqaladı. Sebebi rayon territoriyasındag’ı jer astı suwları tiykarınan jawın-shashınlar, A’miwda’rya ha’m onın’ tarmaqları, irrigatsiyalıq kanallar ha’m atızlardag’ı suwdın’ bir bo’liminin’ jerge sin’iwi na’tiyjesinde qosılg’an suwdan azıqlanadı.

Suwg’arılıp egiletug’ın maydanlarda ha’m magistral kanallardın’ ta’sir etiw zonasında jer astı suwları ha’rqıylı teren’likte jaylasqan. Jer astı suwlarının’ qa’ddinin’ ortasha jıllıq o’zgerisi suwg’arılıp egiletug’ın maydanlarda 0,90-1,50 metrge shekem jetedi. Jer astı suwlarının’ teren’de yamasa sayızda jaylasıwı ha’m olardın’ minerallasıw da’rejesi ha’m jerlerdin’ meliorativ awhalı menen tıg’ız baylanıslı. Jer astı suwlarının’ quramında duzlardın’ ko’beyiwi jer astı suwlarının’ onsha teren’de emesligi, rayonının’ keskin kontinental, joqarı temperaturalar sha’rayatında puwlanıw mu’mkinshiliginin’ ko’beyiwine, ha’tteki sayızda jaylasqan jer astı suwlarının’ da puwlanıp ketiwine jag’day tuwg’ızadı. A’dette jer astı suwları kapillyar tu’tiksheler arqalı jerdin’ betine ko’terilip shıg’adı, taza suw

puwlanadı, ha'm jer astı suwlarının' quramındag'ı ha'r qıylı duzlar jerdin' betinde qalıp qoyadı, ol topıraqtın' kebir ashıp ketiwine sebepshi boladı. Sonlıqtan da Shomanay rayonı territoriyası boyınsha diyxanshılıq islenetug'ın maydanının' tek 15% g'ana topırag'ı az duzlang'an, 31% ortasha duzlang'an, qalg'an jerler ku'shli duzlang'an jerler bolıp tabıladı. Sonlıqtan da topıraqtın' quramındag'ı artıqmash duzdı juwıp olardı suwg'arılatug'ın zonadan sırtqa shıg'arıp taslaw awıl xojalıq xızmetkerlerinin' tiykarg'ı wazıypası bolıp esaplanadı.

Shomanay rayonının' sha'rayatında bul ma'seleni sheshiw izeykesh ha'm kollektor sistemasınaların o'tkeriw birden-bir tiykarg'ı ilaj bolıp esaplanadı. Ha'zirgi waqıtta Shomanay rayonı territoriyasında 2 xojalıq-aralıq kollektorlar iske tu'sken. Bulardın' uzınlıg'ı 82 km. Olardın' ko'pshiligi Bas kollektor ha'm xojalıqlar ara kollektorlar menen tutasqan,al tutastırılmag'anlarının' suwı nasos ja'rdemi menen Bas kollektorg'a yamasa xojalıqlar ara kollektorg'a quyıladı. Solay etip, izeykesh-kollektorlardın' ja'rdemi menen rayon territoriyasınan ha'r bir ga egislik maydannan jılına 3-4 mın' kub metr duzlı suw suwg'arılatug'ın zonadan sırtqa shıg'arıladı.

**Topırag'ı:** Rayon territoriyasında allyuvial suwg'arılıp egiletug'ın ma'deniy topıraqlar, otlaqlı, shımlı topıraqlar, shorlang'an topıraqlar, taqır ha'm qumlı topıraq tipleri ushıraydı. Rayon territoriyasındag'ı ko'plep suwg'arılıp egiletug'ın topıraqlar antropogen ku'shler ta'sirinde ma'deniy topıraqqa aylang'an jerler bolıp esaplanadı. Allyuvial otlaqlı shımlı topıraqlar ko'binese suwg'arılatug'ın diyxanshılıq zonasına jaqın suwg'arıw kanalları, izeykesh ha'm ko'llerdin' boylarında sonday-aq, jer astı suwlarının' qa'ddi jer betine jaqın bolg'an territoriyalarda ushıraydı. Bul topıraqlar jer astı suwlarının' qaddin to'menletiwshi izeykeshlerdi qurılıwı natiyjesinde jer astı suwlarının' qa'ddin to'men tu'sirgen jag'dayda rayonnın' diyxanshılıq maydanlarg'a aylandırılatug'ını turg'an ga'p.

Ayırım territoriyalarda suwg'arılatug'ın suwdı kereginen zıyat paydalanıw sonday-aq izeykesh suwların ta'rtipsiz taslaw na'tiyjesinde allyuvial otlaqlı-shımlı topıraq territoriyaları payda bolg'an. Bunday topıraqlar suwg'arıw agrotexnikasın tuwrı alıp barıw, kollektor–drenaj tarmaqlarınan aqılg'a muwapıq paydalanıw arqalı g'ana egislik maydanlarına aylandırıw mu'mkin.

Rayonda shorlang'an, kebirli topıraq tipleri de ushırap, olar ko'binese diyxanshılıq sistemasınan shıg'ıp qalg'an ha'm jer astı suwlarının' jer u'stine jaqın bolg'an territoriyalarda ushıraydı. Bul jerler awıl xojalıg'ına jaramsız jerler bolıp esaplanadı. Sonlıqtan teren' izeykeshler qazıw ha'm onın' suwın o'z waqtında uzaqqa taslap turıw, shorlang'an jerlerge xalıq ta'jiriybesine tayanıp jerdin' duzın tartıp alatug'ın ju'weri, ma'kke ha'm t.b.eginlerdi egiw na'tiyjesinde diyxanshılıq aylanısına qosıw mu'mkin.

Taqırlı topıraqlar rayonnın' ayırım territoriyalarında ushırap, olar o'zlestiriwge qıyın bolg'an awır topıraqlarg'a kiredi ha'm olar ha'zirgi waqıtta xojalıq a'hmiyetke iye emes. Taqırlı topıraqlar suwlardın' qashatug'ın jerlerde, kanal sistemalarının' jag'alarında ko'plep ushırasadı. Ha'zirgi texnik jag'daylarg'a baylanıslı bul tiptegi topıraqlardı o'zlestirip diyxanshılıq aylanısına qosıw mu'mkin, olardı o'zlestiriw ushın ko'plep  qarjı talap etedi.

**O'simligi:** Shomanay rayonı territoriyası boyınsha o'simlikler qatlamının' tarqalıwı ha'r qıylı. O'simlik qatlamının' jaylasıwı menen rawajlanıwı, topıraq qatlamlarına uqsap rayonnın' ulıwma fiz-geografiyalıq sha'rayatına, a'sirese topıraq qatlamının' ıg'allanıw ha'm topıraqtın' kebir ashıp ketiwine  baylanıslı.

Rayonnın' ayırım jerlerinde ushırasatug'ın otlaqlı-batpaqlı topıraqlar menen batpaqlı topıraqlarda ko'binese qamıslıqlar menen tog'aylar xarakterli. Qamıslıqlar jazda suw alıp ketetug'ın oypawıt jerlerge beyimlesken boladı, bul jerlerde qamıstan basqa urıq, jeken ken' tarqalg'an. İzeysiz qurg'aqlaw jerlerge tog'ay o'simlikleri beyimlesken bolıp, onda qamıs, urıq penen bir qatarda ajırıq, sora, al tog'ayda o'siwshi o'simliklerden jigildik, toran'g'ıl ha'm jın'g'ıllar ushırasadı.

U’stirtke jaqınlag’an sayın usı jerde ken’ tarqalg’an, taqırlı topıraqlar menen taqırlarda jın’g’ıl, jantaq, boyalısh, gewrek qusag’an o’simlikler de o’sedi. Da’ryanın’ eki an’g’arlarında ko’binese topıraqları kebirlik bolatug’ınlıg’ınan, olarg’a iykemlesken o’simlikler sora, sozaq, qarabaraq ha’m soranın’ bir neshe tu’rleri o’sedi.

Rayonda ma’deniy o’simliklerdin’ tiykarg’ı tu’rleri paxta, ma’kke, jon’ıshqa, ju’weri, olardan basqa a’sirese keyingi jılları diyxanshılıqta qawın, g’arbız, asqabaq, pomidor, baklajan, qıyar ha’m t.b. o’sedi. Sonın’ menen bir qatarda miywe ha’m jemislerden ju’zim, alma, almurt, shabdal, erik, shiye, qa’reli ha’m basqa egiletug’ın maydan barg’an sayın ken’eymekte. Suwg’armalı diyxanshılıq islenip atırg’an atızlarg’a xarakterli jabayı sho’plerden pa’shek, suwotı, jantaq, aqbas, pishen, sora ha’m t.b. O’zine ta’n o’simlikleri menen oazislerdin’ ishindegi boz ha’m partaw jerleri ajıralıp turadı. Olarda topırag’ının’ meliorativ jag’dayına qaray ha’r qıylı o’simliklerdi ushıratamız. Shomanay rayonı sha’rayatında bunday jerlerde jantaq, jın’g’ıl, boyan, aqbas, pishen, qarabaraq ha’m soranın’ bir neshe tu’rleri o’sedi.

Shomanay rayonı territoriyasında o’simlikler ha’m haywanat du’nyası onsha bay bolmag’an menen xalıq xojalıg’ında paydalanıw ko’z qarasınan o’simlik ha’m haywanlardın’ ayırım tu’rleri dıqqatqa ılayıq. Mısalı: jantaq, boyan, jın’g’ıl, qamıs, seksewil ha’m t.b.

Ha’zirgi waqıtta rayon boyınsha 20,1 mın’ ga jer jaylaw ushın paydalanıladı. Jaylawlar tiykarınan suwg’arılatug’ın zonadan sırtta, U’stirttin’ eteklerinde jaylasqan. Sonın’ menen bir qatarda U’stirttin’ eteginde awıl xojalıq maqsetinde ha’zirgi waqıtta paydalanılmay atırg’an jerler de bar.

Diyxanshılıq maydanlarının’ ken’eyip barıwı ha’m sharwashılıqtın’ rawajlanıwı rayon territoriyasındag’ı bahalı jabayı an’lardın’ azayıp ketiwine sebepshi bolmaqta. Sonlıqtan burıng’ı rayon territoriyasında ken’ tarqalg’an bahalı an’lardın’ ornın tolıqtırıw ilajları islenbekte. Onın’ ushın tog’aylardın’ awıl

xojılag'ında paydalanılmay atırg'an jerlerdin', putalıqlardın', batpaqlıqlardın' ha'm suwlardın' ayırım bo'limin qorıqxanalarg'a aylandırıw kerek.

**Haywanat du'nyası:** Haywanat du'nyası ta'biyattın' bir bo'legi bolıp, ol xalqımızdın' turmıs abadanlıg'ın arttıwda belgili orındı iyeleydi. Shomanay rayonının' territoriyası haywanat du'nyasına bay bolıp keledi, sebebi onın' territoriyasına da'rya deltası ha'm U'stirt do'n'liginin' jaqın jaylasqanı bolıp tabıladı. Rayon territoriyasında shag'al, tu'lki, qarsaq, kiyik, qoyan, ondatra, jabayı shoshqa, al kemiriwshilerge qos ayaq, balpaq tıshqan, qum tıshqanı ushıraydı.

Jer bawırlawshılardan tasbaqa, kesirtkeler, jılanlar gezlesedi. Quslardan g'az, u'yrek, qırg'awıl, bo'dene, aq quw, qutan, kepter, qara ha'm ala g'arg'a, qırg'ıy, qarshıg'a ushıraydı.

Son'g'ı 25-30 jıl ishinde o'simlik ha'm haywanat du'nyasında a'dewir o'zgeshelikler payda boldı. Biz izertlegen Shomanay rayonında paxtashılıq ushın ha'dden tısqarı jerlerdin' ko'p o'zlestiriliwi na'tiyjesinde tog'aylar maydanı keskin tu'rde azaydı. Salı atızlarına gerbitsidlerdi ko'p qollanıw awıl xojalıq eginlerine zıyanlı ja'nliklerdi qurtıw ushın ximikatlardın' qollanıwı paydalı quslardın' massalıq qırılıwına alıp keldi. Olardan bu'rkit, qarshıg'a, ala ha'm qoy shayqusı ha'zirgi tarawında san jag'ınan kemeyip ketti.

U'stirtte sanı azayıp ketken ya bolmasa joq bolıp ketiw qa'wpinde turg'an haywanlardan qum pıshıg'ı, qaraqulaq, qaraquyrıq, kiyik, tog'ay ha'm qamıslıqlarda qamıs pıshıg'ı usag'an haywanlar ha'm qoyan, qırg'awıllar jasaydı.

Son'g'ı jılları texnikalıq progress ha'm basqa da xojalıq qurılıs jumıslarının' ken' masshtabta o'ris alıwg'a haywanat du'nyasına za'ru'rli bolg'an jasaw sha'rayatlarının' jıldan-jılg'a kemeyip ketiwine u'lken ta'sir tiygizedi. Sonın' menen birgelikte ha'zir suwdın', jerdin' ha'dden tıs pataslanıwı haywanatlar menen bir qatarda adamlardın' den sawlıg'ına jaman ta'sir etpekte. Bul unamsız waqıyalardın' aldın alıw za'ru'rli sharaların qollanıw za'ru'r bolıp esaplanadı.

## II-BAP. Rayonının' xalqı ha'm miynet resursları

**a) Rayon xalqının' o'siw dinamikası.** Shomanay rayonında bir neshe millet wa'killeri a'sirler dawamında bir-biri menen awızbirshilikli, tatıw bolıp jasap kelmekte. Rayonda ko'plegen millet wa'killeri jasap, olardın' huqıqları Konstitutsiyada belgilengen nızamlar menen qorg'aladı. Xalıqtın' tuwılıwı, o'limi biologiyalıq qubılıs. Biraq rawajlanıwdın' ha'r qıylı basqıshlarında bul biologiyalıq qubılıstın' birdey emesligi bayqaladı. Ta'biyiy o'simnin' artıwındag'ı tiykarg'ı sebeplerden esaplang'an xalıqqa meditsinalıq ja'rdemnin' artıwı hayallardın' ja'miyettegi turmıs jag'dayının' jaqsılanıwı analıqtı hu'rmetlewdegi ma'mleketimiz ta'repinen berilip atırg'an jen'illiklerdin' artıwı menen bir qatarda xalıqtın' burınnan u'irp-a'det da'stu'rleri de sebep bolmaqta.

Xalıqtın' o'sip-o'niwinde, ko'beyiwinde u'lken roldi demografiyalıq faktorlar, tuwılıwshılıq, o'limshilik ta'biyiy o'sim u'lken roldi oynaydı. Tuwılıw ja'miyettegi a'wlad almasıwdın' u'zliksizligin ta'miynleydi. Tu'wılıwshılıq ha'm o'limshilik bul biologiyalıq qubılıs, usının' esabınan ta'biyiy o'sim da'rejesi ko'binese sol eldegi sotsiallıq-ekonomikalıq faktorlardan g'a'rezli boladı.

Xalıq ja'miyettegi o'ndirilgen materiallıq ruwxıy baylıqlardın' do'retiwshisi bolıp qalmay, al usı baylıqlardın' tiykarg'ı tutınıwshısı da esaplanadı. Respublikamızdag'ı siyaqlı rayonda da xalıq sanının' o'siwi tikkeley ta'biyiy o'simge baylanıslı bolıp, xalıqtın' o'siwine to'mendegi faktorlar u'lken ta'sir jasaydı.

Respublika aymag'ındag'ı xalıqlarda ko'p balalı bolıwı bul ata-babalarımızdan qalg'an miyras ekenligi, ekinshiden xalıqtın' ko'beyiwine ta'sir etiwshi balalıqtı, analıqtı qorg'aw boyınsha ma'mlekettin' g'amxorlıg'ı ha'm «demografiyalıq faktor» - xalıqtın' ta'biyiy o'simi, ko'ship qonıslasıw ha'm t.b.

Bul faktorlardı bir-biri menen tıg'ız baylanısta a'melge asırg'anda xalıq sanının' tez o'siwine imkaniyat jaratadı.

Shomanay rayonınıń xalqı respublika xalqınıń 3,6%-in tutadı. Rayon xalqın u'yreniw, miynet resurslarınıń o'siwine analiz jasaw, a'sirese bazar ekonomikasına o'tiw da'wirinde Aral ekologiyalıq mashqalalarınıń ha'wij alg'an waqtında xalıqtıń sotsiallıq turmıs da'rejesine, rawajlanıw mu'mkinshiliklerine u'lken dıqqat awdarıwdı talap etedi. Usıg'an sa'ykes meniń bakalavr jumısımda izertlenip atırg'an rayonnıń qıyın ekologiyalıq jag'dayda ekonomikalıq ha'm sotsiallıq rawajlanıw bag'darlarına, rayonnıń xalqı, o'siw dinamikası, rayon xalqınıń qala ha'm awıllıq elatlı punktler boyınsha jaylasıwı, miynet resursları menen ta'miyinleniw da'rejesi haqqında so'z etiledi.

Men izertlep atırg'an Shomanay rayonı xalqınıń sanı 2012-jıl 1-yanvarına 52,2 mıń adamdı quradı. Bul ko'rsetkish respublika respublika xalqınıń 3,6 protsentin tutadı. Ortasha 1 km$^2$ maydang'a 64,9 adamnan tuwra keledi. Rayon xalqı rayon aymag'ında burınnan otırıqshı xalıqlar bolıp, xalıqtıń sanınıń o'simi jıldan-jılg'a ta'biyiy o'sim arqalı ko'beymekte Sonıń menen birge rayon xalqınıń ko'beyuine rayong'a qoń'sılas Xojeli rayonınıń Qarabaylı ha'm Tashkent xojalıg'ı aymaqlarınıń Shomanay rayonına o'tiwinen bolıp otır. Degen menen keyingi jıllardag'ı ekologiyalıq sharayatlardıń keskinlesiwi rayondag'ı o'ndirislik ha'm sotsiallıq tarawlardag'ı qıyınshılıqlar ha'm t.b. sebeplerge baylanıslı rayon xalqınıń ta'biyiy o'siw da'rejesi birqansha to'menlegenin ko'riwimizge boladı. Bul protsess rayon xalqınıń o'siw dinamikasına tikkeley ta'sir jasamaqta. Rayon xalqınıń o'siw dinamikası, sonıń ishinde qala ha'm awıl xalqının o'siw dinamikasınıń protsentlik ko'rsetkishin to'mendegi kesteden ko'riwimizge boladı.

№3-Keste

**Shomanay rayonı xalqınıń o'siw dinamikası**

| № | Jıllar | Rayonnıń barlıq xalqı mıń adam | Xalqınıń o'siw pa'ti % esabında | Usınnan | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | Qala xalqı | % esabında | Awıl xalqı | % esabında |
| 1. | 2002 | 41,2 | 100,0 | 12,5 | 30,3 | 28,7 | 69,7 |
| 2. | 2003 | 41,4 | 100,4 | 12,4 | 30,3 | 29,0 | 69,7 |

| | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 3. | 2004 | 41,0 | 99,5 | 13,8 | 29,8 | 27,2 | 70,2 |
| 4. | 2005 | 40,3 | 97,8 | 14,2 | 35,2 | 26,1 | 64,8 |
| 5. | 2006 | 40,2 | 97,5 | 12,7 | 31,6 | 27,5 | 68,4 |
| 6. | 2007 | 40,6 | 98,5 | 12,9 | 31,6 | 27,7 | 68,4 |
| 7. | 2008 | 40,7 | 98,7 | 13,0 | 31,9 | 27.7 | 68,1 |
| 8. | 2009 | 40,7 | 98,7 | 13,0 | 31,9 | 27,7 | 68,1 |
| 9. | 2010 | 51,9 | 122,8 | 14,0 | 25,7 | 37,9 | 74,3 |
| 10. | 2011 | 52,2 | 126,0 | 13,9 | 26,6 | 38,3 | 73,4 |

*** Shomanay rayonının’ 2002-2011-jj. pasport mag’lıwmatı tiykarında**

Kestede ko’rsetilgendey rayon xalqı son’g’ı 10 jıl ishinde absolyut esapta 2009 jılg’a deyin o’spegenligin ko’remiz.Ko’rsetilgen jıllar ishinde xalıqtın’ ulıwma o’simi 98,7 %-ti quradı.Al 2010 jılı rayon territoriyasının’ ken’eyuine baylanıslı rayon xalqı 2002 jılg’a salıstırg’anda 2011 jılg’a kelip xalıqtın’ ulıwma sanının’ jıllıq o’simi 126 %-ti quradı Rayon xalqının’ jıllıq o’simi 2002-2005 jılları ortasha 0,8-1,0% ko’beygen.Ha’zirgi uaqıtta da rayonda xalıqtın’ tabiiy o’sim ko’rsetkishi pa’s darejede bolıp, 2011 jılı bul ko’rsetkish ha’r mın’ adamg’a 7 adamdı quradı. Rayon xalqının’ ta’biyiy o’simine migratsiya protsessleri de belgili da’rejede ta’sir etpekte. 2010-jılı migratsiya ko’rsetkishi to’mendegishe: kelgenler sanı 70, ketkenler– 100 adamdı quradı, yag’nıy migratsiya saldosı – 30 adamdı quradı. Degen menen ulıwma alg’anda rayon xalqının’ dinamikalıq o’simge iye ekenligin ko’remiz.

To’mendegi kestede rayonnın’ xalıq sanının’ ta’biyiy o’siw ko’rsetkishlerin sıpatlaytug’ın mag’lıwmatlardı ko’riwge boladı.

**№4-keste**

**Shomanay rayonı xalqının’ ta’biyiy o’simi (1000 adamg’a esaplag’anda)**

| № | Jıllar | Tuwılıwshılıq | O’limshilik | Ta’biyiy o’sim |
|---|---|---|---|---|
| 1. | 2002 | 24,1 | 6,1 | 18,3 |
| 2. | 2003 | 24,0 | 4,8 | 19,3 |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| 3. | 2004 | 24,7 | 5,2 | 19,5 |
| 4. | 2005 | 20,5 | 5,5 | 15,0 |
| 5. | 2006 | 21,7 | 5,8 | 15,9 |
| 6. | 2007 | 19,8 | 4,7 | 15,9 |
| 7. | 2008 | 8 | 2 | 6 |
| 8. | 2009 | 9 | 2 | 7 |
| 9. | 2010 | 10 | 3 | 7 |
| 10. | 2011 | 8 | 2 | 6 |

*** Shomanay rayonının' 2002-2010-jj. pasport mag'lıwmatı tiykarında**

Rayonda xalıqtın' ta'biyiy o'simi 2002 jılı ha'r mın' adamg'a 19,3 adamdı qurag'an bolsa, 2005-jılı 15,0 adamdı,al 2011 jılg'a kelip bul ko'rsetkish ha'r mın' adamg'a esaplag'anda 6 adamdı quradı. 2002-2007 jıllar aralıg'ında xalıqtın' ta'biyiy o'simi calıstırmalı joqarı bolg'an bolsa,son'g'ı jıllarda rayon xalqının' tabiiy o'sim ko'rsetkishleri tu'raqlı tu'rde to'menlegenligin ko'remiz. Xalıqtın' ta'biyiy o'simine bir qansha sebepler ta'sir etpekte. Bug'an son'g'ı waqıtları ju'rgizilip atırg'an demografiyalıq siyasatlar ekonomikalıq ha'm ekologiyalıq jag'daylar migratsiya protsesi ha'm tag'ı basqa sebepler belgili da'rejede ta'sir etpekte.

Respublikamızdag'ı siyaqlı biz izertlegen rayonda da Aral ekologiyalıq mashqalasına baylanıslı balalar o'limi, a'sirese 1 jasqa shekemgi balalar o'limi, ha'r qıylı awrıwlar, hayal-qızlar arasındag'ı kemqanlıq keselligi ko'plep ushıraspaqta. Bul da xalıqtın' ta'biyiy o'siwine tosqınlıq jasamaqta.

Rayonnın' demografiyalıq ko'rsetkishlerin sıpatlaytug'ın faktor xalıqtın' territoriya boylap jaylasıwı ha'm tıg'ızlıg'ı esaplanadı. Rayon boyınsha 2011-jılı 1 km$^2$ maydang'a ortasha 64,9 adam tuwra keledi. Bunnan biz rayon xalqının' ortasha tıg'ızılıg'ı respublika xalqının' tıg'ızlıg'ına salıstırg'anda anag'urlım joqarı ekenligi ko'rinedi. Degen menen rayon xalqı territoriya boylap bir tegis jaylaspag'an. Rayonnın' en' xalqı tıg'ız jaylasqan ornı rayon orayı ha'm massiv orayları bolıp, olarda barlıq rayon xalqının' 70%-ke jaqını turadı.

**b) Rayonnın' jas ha'm jınıs quramı**. Shomanay rayonının' ulıwma xalqının' yarımınan aslamı miynetke jaramlı jastag'ı adamlar sanalıp, xalıq xojalıg'ı tarmaqların rawajlandırıw ushın miynet etpekte. Sonday-aq xojalıq boyınsha jas o'zgesheliginde miynet jasına deyingi jaslardın' salmag'ı joqarı ekenligi ha'm aldag'ı waqıtta rayonnın' sotsial-ekonomikalıq rawajlanıwınada o'z ta'sirin tiygizedi.To'mendegi kestede rayon xalqının' jas ha'm jınıs quramı haqqında mag'lıwmatlar berilgen.

**№5-keste**

**Shomanay rayonı xalqının' jas ha'm jınıs quramı (2012-1 yanvar mag'lıwmatı)**

| № | | adam sanı | % esabında |
|---|---|---|---|
| 1. | Barlıq xalqı | 52200 | 100,0 |
| | Sonnan: miynetke jaramlı jasqa shekemgiler | 19409 | 37,1 |
| | Miynet jasındag'ılar | 29900 | 57,2 |
| | Miynet jasınan o'tkenler | 2891 | 5,7 |
| 2. | Er adamlar | 26034 | 100,0 |
| | Sonnan: miynetke jaramlı jasqa shekemgiler | 9655 | 36,6 |
| | Miynet jasındag'ılar | 14919 | 57,2 |
| | Miynet jasınan o'tkenler | 1403 | 6,2 |
| 3. | Hayallar | 26166 | 100,0 |
| | Sonnan: miynetke jaramlı jasqa shekemgiler | 9754 | 36,4 |
| | Miynet jasındag'ılar | 14981 | 56,9 |
| | Miynet jasınan o'tkenler | 1488 | 5,7 |

Rayon boyınsha xalıqtın' jınıslıq quramında da aytarlıqtay o'zgeshelikler bar. 2011 jılı ulıwma rayon xalqının' 50,2%,yamasa 26166 adamı hayal-qızlar, 49,8% yamasa rayonnın' ulıwma xalqının' 26034 adamın erler tutadı. Rayon xalqının' tiykarg'ı bo'limi, yag'ni 57,2%, yamasa rayonnın' 29900 adamı miynetke jaramlı

kategoriyadag'ı adamlar esaplanadı. Bunı keste mag'lıwmatlarınan ko'iwimizge boladı.

Keste mag'lıwmatlarına qarag'anda rayon xalqının' er adamlar arasında da, hayal-qızlar arasında da jas strukturasında o'zgeshelikler seziledi. Rayon boyınsha miynet jasındag'ılar basım ko'pshilikti qurap, olardın' salıstırma u'lesi 57,2%, al hayallarda bul ko'rsetkish 56,9% quraydı. Al miynet jasınan o'tkenlerdin' arasında er adamlar barlıq xalıqtın' 5,7% tutsa, hayal-qızlar 6,7% quradı. Ulıwma rayon boyınsha xalıqtın' jınıs o'zgesheliginde hayallardın' salıstırma u'lesinin' joqarılıg'ı menen parq qıladı.

**v) Rayon xalqının' milliy quramı.** Ha'zirgi waqıtta rayon aymag'ında ko'plegen millet wa'killeri xalıq xojalıg'ının' barlıq tarawlarında miynet etpekte. Rayon xalqının' milliy quramında derlik u'lken o'zgerisler joq. Sebebi rayon aymag'ı burınnan kiyatırg'an otırıqshı xalıqlar bolıp esaplanadı. To'mendegi kestede rayon aymag'ında jasawshı xalıqlardın' milliy quramındag'ı o'zgerisler berilgen.

**№6-keste**

**Shomanay rayonı xalqının' milliy quramı**

| Q/s | Milletler | Xalıq sanı | | 2006-jılg'a salıstırg'anda % esabında |
|---|---|---|---|---|
| | | 2006 | 2011 | |
| 1 | Qaraqalpaqlar | 16683 | 22645 | 135,7 |
| 2. | O'zbekler | 5969 | 7882 | 132,0 |
| 3. | Qazaqlar | 13813 | 16893 | 122,2 |
| 4. | Koreetsler | 23 | 21 | 91,3 |
| 5. | Tu'rkmenler | 4137 | 4123 | 99,6 |
| 6. | Tatarlar | 29 | 38 | 131,4 |
| 7. | Basqalar | 318 | 336 | 105,6 |
| | Barlıg'ı | 40234 | 52200 | 129,7 |

*** Shomanay rayonının' 2006-2011-jj. pasport mag'lıwmatı tiykarında**

Keste mag'lıwmatlarına qarag'anda 2012jıl 1-yanvar jag'dayına rayon xalqının' 43,3 %-i qaraqalpaqlar, 32,3 %-i qazaqlar,15,0%-i o'zbekler qurag'anlıg'ın ko'remiz. Keste mag'lıwmatların analizlegenimizde rayon

aymag'ında xalıqtın' keyingi jıllarda milliy quramının' birqansha o'zgergenligin ko'remiz.. Ulıwma alg'anda rayon boyınsha xalıqtın' milliy quramında jergilikli xalıqlardın' basım ekenligin ko'rinedi.

**g) Rayonnın' miynet resursları.** Xalıqtın' tiykarg'ı o'ndiriwshi bo'legi miynet resursları bolıp esaplanadı. Xalıqtın' ekonomikalıq aktivliginin' ko'rsetkishi miynet resurslarının' o'ndiriske tartılıw da'rejesi bolıp esaplanadı. Shomanay rayonında miynet resurslarının' jaylasıwı olardın' jumıs penen ta'miynleniwi basqa rayonlardan ajıralıp turadı. rayon boyınsha miynet resurslarının' sanı 29900 adamdı quraydı. Keleshekte orta ha'm kishi ka'rxanalardın' awıllıq orınlarda tez pa't penen rawajlanıwına baylanıslı. Miynet qorlarına miynetke jaramlı jası 16 jastan 55 jasqa shekemgi hayal-qızlar ha'm 16 jastan 60 jasqa shekemgi erler jatadı. Respublikamız Konstitutsiyasına muwapıq jası 54 ten o'tken hayallar ha'm 59 dan o'tken erler dem alıw huqıqına iye. Eger pensiya jasında bola turıp, jumıs islew mu'mkinshiligine iye bolsa, onday adamlardın' is ta'jiriybesinen tolıq paydalanıwg'a boladı ha'm olar da miynet qorlarının' ajıralmas bir bo'legi bolıp esaplanadı.

Miynetke jaramlı xalıq bul ha'r qanday resurslardan paydalanıwda tiykarg'ı faktor sanaladı. Miynet resursları, sanaat, a'sirese awıl-xojalıg'ında u'lken a'hmiyetke iye. Sebebi awıl-xojalıg'ı xalıq xojalıg'ının' basqa tarawlarına qarag'anda mexanizatsiyalastırıw da'rejesi birqansha to'men bolıp kelmekte. Rayon sharayatında awıl-xojalıg'ının' rawajlanıwında jer-suw resurslarınan paydalanıwda miynet resursları ko'plep talap etiledi. Sonlıqtan ha'zirgi waqıtta rayonda kerekli miynet resursların aldın ala biliw rayonnın' rawajlanıw bag'darına qaray ka'sipke bag'darlaw lazım. Rayon xalqının' miynetke jaramlı jastag'ı adamlar rayonnın' aldına qoyg'an wazıypaların atqarıwda baslı orın tutadı.

Rayon xalqının' miynet resursları sanı 29900 aslam adamdı quraydı. Usınnan tikkeley xalıq xojalıg'ında jumıs islewshiler sanı 19500 adamdı quraydı. Usınnan 4173 adam ma'mleketlik ha'm ja'miyetlik sho'lkemlerde, 7598 adam fermer

xojalıqlarında, 700 adam sırt ellerde miynet etpekte. Degen menen rayon boyınsha jumıssızlardın’ u’lesi joqarı bolıp kelmekte. A’sirese 2000-2001, 2008 jıllardag’ı suwsızlıqqa baylanıslı diyxanshılıq maydanları azayıp ketti. Paxta, biyday maydanlarının’ azayıwı sanaat o’ndirisine de ta’sir etti. Bul o’z gezeginde rayon aymag’ında jumıssızlıqtın’ artıwına sebepshi boldı ha’m miynet jasındag’ı jumıssızlardın’ ko’pshiligi sırtta jumıs islewge ma’jbu’r. Ulıwma rayon boyınsha jumıssızlar sanı 1100 adamdı tutadı, olardan 678 er adamlar bolsa, 422 hayallar quraydı.yag’nıy bul miynetke jaramlı xalıqtın’ 5% -in tutadı.

Ulıwma alg’anda rayonda ha’zirgi ku’nnin’ baslı wazıypalarınan Prezidentimizdin’ atap o’tkenindey awıllıq jerlerde awıl-xojalıg’ı o’ndirisin rawajlandırıw menen bir qatarda kishi islep shıg’arıw ka’rxanaların, yamasa agrosanaat tarmaqların qurıw bolıp tabıladı. Aldag’ı waqıtta diyxanshılıqtan suwdı az talap etetug’ın eginlerdi egiw, intensiv texnologiyadan paydalanıw arqalı jen’il ha’m azıq-awqat o’ndirisin rawajlandırıw jolı menen xalıqtın’ abadanlıg’ın arttırıwg’a jol ashadı.

**d) Rayonda xalıqqa sotsiallıq xızmet ko’rsetiw tarawlarının’ rawajlanıwı**

Shomanay rayonında keyingi jıllarda o’ndiriwshi ku’shlerdin’ joqarı pa’t penen rawajlanıwına baylanıslı xalıqtın’ materiallıq,ma’deniy da’rejesi joqarıladı ha’m usıg’an baylanıslı tuwılıwshılıqtın’ da’rejesi biraz kemeydi. Rayon xalqının’ ko’pshiligi awıl xalqına tuwra keledi, yag’nıy rayonda jasaytug’ın xalıqtın’ 13,9 mın’ adam qalada, 38,3 mın’ adamı awıllıq orınlarda jasap kelmekte.

Xalıqtın’ materiallıq abadanlıg’ın arttırıwda ja’miyetlik tutınıw, sotsiallıq ta’miynlew, xalıqqa meditsinalıq xızmet ko’rsetiw, xalıq bilimlendiriw ha’m basqa da tarawlar a’hmiyetli orındı atqaradı.

Rayonda Shomanay awıl-xojalıq ka’sip-o’ner kolledji respublikamızdag’ı awıl-xojalıg’ına qa’nigeler tayarlap beriwshi da’slepki ashılg’an oqıw ornı bolıp esaplanadı. Rayonda awıl-xojalıg’ına qa’nigelestirilgen eki kolledj iske tusken.

Shomanay rayonı boyınsha ulıwma bilim beretug’ın mekteplerdin’ sanı 31-di qurap, mektep oqıwshılarının’ sanı 6320 bolsa, ondag’ı oqıtıwshılar sanı 436-g’a jetti. Ka’sip-o’ner bilim jurtında studentlerdin’ sanı 2011-jılı 2072 boldı.

Rayonda balalar muzıka mektebi 1974-jılı ashılıp, onda 24 mug’allim bolıp 210 oqıwshı muzıka sırların u’yrenbekte. Oqıwshılardın’ mektepten alg’an teoriyalıq bilimlerin praktika ju’zinde tolıqtırıw, oqıwshılardın’ ha’r-tarepleme rawajlanıwın ha’m miynet su’ygishlikke ta’rbiyalaw maqsetinde qalalıq xalıq ag’artıw bo’limine qaraslı jaslar u’yi, jas naturalistler stantsiyası, muzıka mektepleri islep tur. Rayondag’ı mekteplerde, ka’sip-o’ner kolledjinde, agroservis kolledjinde jaslardı ta’rbiyalawg’a, olardın’ bilim da’rejesin arttırıwg’a u’lken kewil bo’linbekte.

Ma’deniyat tarawı rayon xalqının’ talabın qanaatlandırıp kelmekte. Rayonda ulıwma 20 kitapxana sonın’ 16 ko’shpeli kitapxana bolıp, xalıqqa xızmet etip kelmekte, Rayonda krujoklardın’ sanı 41, 1-orında balalar muzıka mektebi bar. Rayonnın’ ma’deniyat tarawı xalıqtın’ ha’r tu’rli talap-tileklerin qanaatlandırıwg’a, xalıqtın’ ko’rkem-o’ner tvorchesvosı kerekli mu’mkinshiliklerdi ta’miynlewge, adamnın’ qa’biletin rawajlandırıwg’a, turmıs saltın bayıtıwg’a, joqarı estetikalıq talg’amlardı qa’liplestiriwi tiyis. Rayon xalqına xızmet ko’rsetiw, olardın’ bos waqıtların mazmunlı ha’m kewilli o’tiwi ushın bir rayonlıq ma’deniyat u’yi, 4 awıllıq ma’deniyat u’yi, 2 avtoklub xızmet etedi.

Keyingi waqıtları rayonda sportqa degen qızıg’ıwshılıq artıp barmaqta. Rayon boyınsha 1-stadion, 12-sport zalı, atıw ushın tirler sanı 3, basketbol maydanshaları 38, voleybol maydanshaları 43 ke jetti. futbol maydanshaları 21, kishi futbol ushın maydanshalar 17, balalar ha’m jas o’spirimler sport mektepleri 1-orında jaylasqan.

Shomanay rayonı respublikamızdag’ı sanaatı salıstırmalı to’men rawajlang’an rayonlardın’ biri. Degen menen rayonda paxta tazalaw zavodı, gerbish zavod, jip iyiriw ha’m toqıw fabrikaları, avtoka’rxana ha’m basqa xalıq tutınıw tovarların

jetistiretug’ın ha’m xalıqqa xızmet ko’rsetetug’ın jeke menshik kishi ka’rxanalar, mısalı: «Aqsu’n’gil», «Rawshan» kishi karxanalar xalıqqa o’zlerinin’ xızmetin ko’rsetip atır. Rayonlıq xalıqqa turmıs jag’ınan xızmet ko’rsetetug’ın «Aqsu’n’gil» ka’rxanası 1997-jıldan baslap, ko’p tarmaqlı jeke menshik ka’rxanası bolıp qayta du’zilgen edi. Ka’rxana ha’r jıl sayın o’nimnin’ barlıq tu’rleri boyınsha xalıqqa xızmet ko’rsetip kiyatır. Kiyim tigiw, su’wretke tu’siriw, ayaq kiyim on’law, radio-televidenie u’skeneleri, muzlatqısh on’law shashta’rezxana usag’an xızmettin’ 12 tu’ri boyınsha rayon xalqına xızmet ko’rsetedi. Aldag’ı waqıtları xızmet ko’rsetiw tarawların ken’eytiw ja’ne tu’rlerin ko’beytiw boyınsha ilajlar a’melge asırılıp atır.

Rayonda 192 orınlıq oraylasqan emlewxana, 2 poliklinika, 12 jeke menshik da’rixanalar islep tur. Sonday-aq, ctomotologiya poliklinikası, 16 awıllıq dawalaw punktlerinde 71 shıpaker, 442 orta meditsina xızmetkerleri qızmet etpekte.

Sonday-aq elektr baylanısı, pochta baylanısı onın’ 9 orındag’ı baylanıs bo’limleri xalıqtın’ xızmetinde.

Rayonda 37 orında «Shomanaytutınıw» aktsionerlik ja’miyetine qaraslı usaqlap satıw shaqapshaları sawda xızmetin atqarmaqta. Rayonda 41 avtoka’rxana aktsionerlik ja’miyetinde 12 ju’k avtomashinası, 7 jolawshı tasıw avtobusları, jeke ta’rtipte 67 sawda shaqapshaları, nanbayxana, 18 xalıqqa turmıs jag’ınan xızmet ko’rsetiw obektleri bar. Aldag’ı waqıtta da rayon xalqının’ turmıs abadanlıg’ın jaqsılaw, ma’deniyatın ko’teriw, miynetkeshlerdin’ bos waqıtların paydalı o’tkeriw boyınsha kompleks ilajlardı islewdi talap etedi.

## III-BAP. Shomanay rayonının' awıl-xojalıg'ı tarawlarının' jaylasıwı ha'm rawajlanıwına sıpatlama

Shomanay rayonı Qaraqalpaqstan Respublikasının' agrosanaat kompleksinin' ajıralmas bir bo'legi esaplanadı. Qaraqalpaqstan Respublikasının', sonın' ishinde Shomanay rayonı ekonomikasının' en' baslı ha'm tiykarg'ı tarawı bul awıl xojalıg'ı bolıp esaplanadı.

Xalıq xojalıg'ının' tarawlıq strukturasında awıl xojalıg'ı, a'sirese paxtashılıq, sharwashılıq, jon'ıshqa,ot-jemlik eginler u'lken a'hmiyetke iye. Usıg'an baylanıslı rayonnın' xalıq xojalıg'ının' strukturasında awıl xojalıg'ı o'ndirisine, a'sirese paxtashılıq tarawların rawajlandırıwg'a ayrıqsha itibar berilmekte.

Rayonımız tiykarınan alg'anda shiyki zat o'nimlerin jetistirip beriwshi rayon qatarında ko'zge tu'sedi. Rayonda agrosanaat kompleksi to'men da'rejede rawjalang'an. Aldag'ı keleshekte agrosanaat kompleksin tez pa't penen rawajlandırıw na'zerde tutılmaqta. Bul ushın awıl xojalıg'ı shiyki zatı bazasında isleytug'ın ortasha ha'm kishi ka'rxanalardı qurıw, atap aytqanda awıl-xojalıg'ı o'nimlerin, ovosh-baqsha o'nimlerin qayta islewshi tsexlar, xalıq tutınıw tovarların islep shıg'aratug'ın ka'rxanalardı qurıw maqsetke muwapıq keledi.Shomanay rayonının' u'lesine respublikada jetistiriletug'ın ovosh-baqsha o'nimlerinin' 1,5-2,0%-ti g'ana tuwra keledi.

Keyingi jılları elimizde da'n o'nimlerin jetistiriwdin' aqmiyetin alsaq, biz izertlegen rayon sha'rayatında da'nli eginlerdin' egislik maydanın ko'beyttiriw u'lken a'hmiyetke iye.Rayonnın' ta'biyiy sha'rayatlarının' ovosh-palız eginlerin egiwge qolaylı bolıwına qaramastan, son'g'ı jılları bul eginlerdin' egislik maydanlarının' azayıwına ha'm hasıldarlıg'ının' to'menlewine jol qoyıldı.

Awıl xojalıg'ının' tez ha'm sapa jag'ınan o'siwin ta'miyinlew ushın basqarıwdı, xojalıq mexanizmin ha'zirgi zaman talaplarına muwapıq jaqsılaw u'lken a'hmiyetke iye. Rayonda awıl xojalıg'ın reformalaw siyasatına baylanıslı xojalıqlar,fermer xojalıqlarına o'tip, o'zin-o'zi qarjı menen ta'miynleytug'ın xojalıqlarg'a aylang'an.

Shomanay rayonı awıl xojalıg'ının' rawajlanıwı suw resurslarına, jerlerdi jaqsılaw jumıslarına baylanıslı boladı. Rayonda awıl xojalıg'ında jerlerdi, mallardı arendag'a alıp isletiwge, jeke menshikke islewge de mu'mkinshilikler berildi.

Awıl xojalıg'ın sapa jag'ınan joqarı da'rejede rawajlandırıw ushın awıl xojalıg'ındag'ı bar mu'mkinshiliklerden tolıq paydalanıwdın' a'hmiyeti ulken. Bul jerde paxtanın', mal sharwashılıg'ının' ha'm basqa da awıl xojalıg'ının' barlıq eginlerinin' zu'ra'a'tliligin ko'beytiw za'ru'r. Sebebi, Shomanay rayonında awıl xojalıg'ı o'nimlerinin' o'nimdarlıg'ı, respublika boyınsha ortasha ko'rsetkishlerden to'men bolıp otır.

Shomanay rayonında awıl xojalıg'ın intensiv rawajlandırıw ushın jeterli da'rejede awıl xojalıq mashinaları, texnikaları, u'skeneleri ha'm isshi ku'shi,awıl xojalıg'ın basqarıwda ha'r ta'repleme qa'nigeli qa'nigeler menen ta'miynlenbekte.

Agrosanaat komplekslinin' rawajlanıwının' ha'zirgi basqıshında jerdin' normal o'nimdarlıg'ın asırıw ha'zirgi ku'nnin' baslı wazıypası bolıp tabıladı.

Awıl-xojalıg'ı ha'm agrosanaat kompleksin intensiv rawajlandırıwda ekonomikalıq resurslardan tejep paydalanıw strategiyasın islep shıg'ıw ha'm a'melge asırıw a'hmiyetli ilajlardın' biri esaplanadı.

Shomanay rayonı xalıq xojalıg'ı kompleksinde paxtashılıqqa qa'nigelesken iri rayonlar qatarına kiredi. Sebebi, paxtashılıqtan basqa tarawlardan o'nim jetistiriw aytarlıqtay rawajlanbay atır. 8-kestede rayon boyınsha ulıwma awıl xojalıg'ı tarawlarında jetistirilgen o'nimlerdin' dinamikası keltirilgen. Keste mag'lumatların analizlegenimizde 2006-2011 jıllar aralıg'ında rayonda da'nli eginler,paxta,kartoshka,ovosh-palız,miywe o'nimlerin jetistiriw ko'rsetkishleri artqanlıg'ın ko'remiz.A'sirese kartoshka,ovosh-palız eginlerin jetistiriw son'g'ı jıllarda birneshe ese artqanlıg'ın ko'remiz.Bul ko'rsetkishlerdin' tiykarg'ı sebebi respublikamız basshılarının' rayonlardın' sotsial-ekonomikalıq jag'dayın rawajlandırıw, a'sirese Shomanay rayonına itibardın' joqarılıg'ınan derek beredi.

**№8-Keste**

**Shomanay rayonı boyınsha awıl-xojalıg'ı tarawları o'nimlerin jetistiriw ko'rsetkishleri**

| № | Diyxanshılıq o'nimleri | 2006-jıl | | | 2011-jıl | | | 2006-jılg'a salıstırg'anda % esabında | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | maydanı | zu'ra'a'tligi | ulıwma o'nim | maydanı | zu'ra'a't-ligi | ulıwma o'nim | maydanı | zu'ra'a't-ligi | ulıwma o'nim |
| | | ga esab. | ts. esab. | t. esab. | ga esab. | ts. esab. | t. esab. | ga esab. | ts. esab. | t. esab. |
| 1. | Da'nli eginler | 1781 | 23,9 | 5861 | 5129 | 17,3 | 8878 | 2,8ese | 72,3 | 151,4 |
| 2. | Paxta | 6012 | 17,2 | 10342 | 6705 | 17,2 | 11193 | 111,5 | 100 | 108,2 |
| 3. | Kartoshka | 18 | 46,0 | 84 | 52 | 82,5 | 429 | 2,8ese | 178,5 | 5ese |
| 4. | Baxsha | 70 | 47,1 | 329,7 | 175 | 133 | 2327 | 2,5ese | 2,8ese | 7ese |
| 5. | Palız | 32 | 39,6 | 119 | 133 | 131 | 1742 | 3,3ese | 3,2ese | 12 ese |
| 6. | Taza miywe | - | - | - | 44 | 31,9 | 102 | | | |
| 7. | Ju'zim | - | - | - | 11 | 52,7 | 58 | | | |

***Shomanay rayonı sotsial-ekonomikalıq pasportı, 2006-2011-jj. mag'lıwmatları tiykarında**

Rayon diyxanshılıg'ında jetekshi orın tutatug'ın paxtashılıq ha'm da'nli eginler jetistiriw boyınsha da 2011 jılı 2006 jılg'a salıstırg'anda egislik maydanı da ulıwma o'nimi de artqanlıg'ın,usı jıllar ishinde g'a'llenin' maydanı 2,8 esege ulıwma o'nimi 151,4 %-ke artqanlıg'ın ko'remiz.Ko'rsetilgen jıllar ishinde awıl-xojalıg'ı o'nimlerinin' barlıq turleri boyınsha da o'nimlerdin' mug'darı artqan.Al ayırım diyxanshılıq o'nimleri palız,taza miywe,juzim jetistiriw joqarıda atap o'tken rayong'a bolg'an ku'shli itibardın' tiykarında artqan. Degen menen bul ko'rsetkishler suwsızlıqtan keyingi waqıtlarg'a tuwra keledi.

Shomanay rayonı tiykarınan awıl xojalıg'ına, sonın' ishinde paxtashılıqtı bunnan bılay da rawajlandırıw maqsetinde sho'lkemleskenlikten ha'r jıl sayın onın' zu'ra'a'tin ko'beytiw tapsırmaları tabıslı boldı. Usının' na'tiyjesinde 1970-80-jılları ha'r jıl sayın paxtashılıqtın' zu'ra'a'ti arttırılıwına baylanıslı shiyki zattı sol rayonnın' o'zinde qayta islew, yag'nıy paxta tazalaw zavodın qurıw za'ru'riyatı payda bolg'an edi. Usı maqsette salıng'an paxta tazalaw zavodı 1988-jılı paydalanıwg'a berildi. Ha'zirgi ku'nde paxata tazalaw zavodında jaqsı jumıs alıp barılıp atır. Bunın' da'lili retinde: BID xalıq aralıq tan'law komitetinin' intalı kompaniyası XVII xalıq aralıq Madrid-1000 tan'lawında Shomanay paxta tazalaw zavodının' 1999-jılı shıg'arg'an o'nimleri en' jaqsı sapa «Altın juldız» belgisi menen sıylıqlandı.

**Rayonnın' jer fondı ha'm jer resursları.** Shomanay rayonı territoriyasının' ulıwma maydanı 78,3 kv.km. jerdi iyeleydi. Rayonnın' jer fondı to'mendegi kestede ko'rsetilgen.

9-keste

**Rayonnın' jer fondı ha'm onın' kategoriyalarg'a bo'liniwi**

| Jer kategoriyaları | Mn' ga.esabında | % mug'darı |
|---|---|---|
| Ulıwma jer fondı | 78,3 | 100,0 |
| a) *Usınnan:* awıl-xojalıg'ına jaramlı jerler | 56,2 | 71,8 |
| *Sonnan:* egislik maydanlar | 28,8 | 36,7 |
| Ko'p jıllıq ag'ashlar | 0,3 | 0,5 |
| Kanal, izeykeshler astındag'ı jerler | 2,8 | 5,0 |
| U'y qaptal uchastkaları | 2,4 | 4,4 |
| Jaylawlar | 20,2 | 25,7 |
| Qala imaratları | 5,8 | 10,3 |
| b) Paydalanılmay atırg'an jerler | 22,1 | 28,2 |

Keste mag'lumatların analizlegenimizde awıl-xojalıg'ına jaramlı jerler ulıwma jer fondının' 56,2 mın' ga yamasa 71,8%-in tutadı. Usınnan 28,8 mın' ga egislik jerler esaplanadı.Sonın' menen birge rayon jer fondının' 2,4 mın' ga maydanı uy qaptalı uchastkaları, 2,8 mın' ga kanal ha'm izeykeshler astındag'ı jerler,20,2 mın' ga maydan jaylawlar esaplansa 22,1 mın' ga maydan paydalanılmay atırg'an jerler esaplanıladı.

**Paxtashılıq**: Rayonnın' en' baslı qa'niygelesken tarawlarının' biri həm rayong'a tiykarg'ı daramad keltiriwshi taraw paxtashılıq esaplanadı. Paxta rayonnın' ha'zirgi egislik maydanlarının' 25 %-in (2011-j.) iyeleydi. Rayonnın' awıl-xojalıg'ın bunnan bılayda rawajlandırıwda islengen bir qansha ila'jlardın' na'tiyjesinde, hawa rayının' qolaysızlıg'ınan payda bolıp atırg'an qıyınshılıqlarg'a qaramastan paxtashılıqtı rawajlandırıw u'lken a'hmiyetke iye bolıp qalmaqta. Sebebi paxtashılıq basqa diyxanshılıq tu'rlerine qarag'anda ko'p daramatlı taraw esaplanadı ha'm respublikamızdag'ı siyaqlı rayonnın' da qa'niygelesken tarawı esaplanadı.

Paxtanın' zu'ra'a'tligin arttırıwda mexanizatsiyanın', ximizatsiyanın' ha'm melioratsiyanın' rolin ku'sheytiw belgili da'rejede o'nimnin' ko'leminin' artıwına o'z ta'sirin tiygizbekte. Biraq bul paxtashılıqtı ele de bolsa jeterli emes. Rayonda paxtashılıqqa qa'niygelesken MTP-g'a qaraslı O.Ko'kko'zov, Doslıq bayrag'ı, A.Musaev, M.Abdullaev, Aybuyir, Shomanay Tashkent xojalıqları kiredi.

Rayonda paxtashılıqtın' rawajlanıwındag'ı ayırım qıyınshılıqlar Aral ekologiyalıq dag'darısına baylanıslı egislik jerlerdin' meliorativlik jag'dayının' to'menlewine, xojalıqlar arasında ekonomikalıq qatnasıqlarg'a baylanıslı bolmaqta. Bul ulıwma rayonda paxtashılıq tarawlarının' na'tiyjeliliginin' artıwına ta'sir etpekte. Sonlıqtan awıl-xojalıg'ı o'n'dirisin agrar-sanaatlıq usılga o'tkeriw, onın' materiallıq-texnikalıq bazasın bekkemlew u'lken a'hmiyetke iye. Atap aytqanda mineral to'ginlerdi jıldan-jılg'a ko'beytiw, o'ndiristi texnika menen ta'miyinlewdi jaqsılaw, iri suw qurılısı jumısların iske asırıw, kollektor-drenaj tarawların ken'eytiw jerdin' meliorativ jag'dayın jaqsılawg'a ayrıqsha itibar beriw kerek. Awıl-xojalıg'ında islewshi jumısshılardı xoshametlew ha'm basqa da ila'jlar a'melge asırg'an jag'dayda g'ana paxtashılıqtan mol zu'ra'a't alınadı.

Paxtashılıq respublikanın' joqarı mexanizatsiyalasqan intensivli tarawlarınan esaplanıpadı.Respublikada jetistirilgen paxtanın' Shomanay rayonı 5%-in jetkerip beredi. Rayonda paxtashılıq penen bir qatarda basqa diyxanshılıq tu'rleri rawajlang'an.

Rayonda paxtanın' ko'p jetistiriliwi ha'r gektardan alıng'an hasıldarlıqtın' o'siwi esabınan emes, egislik jer maydanının' ko'beyiwi esabınan bolıp otır. Demek, paxtashılıq intensiv jol menen emes, ekstensiv jol menen rawajlanbaqta. Paxtanın' hasıldarlıg'ının' azayıwı 90-jıllardan keyin ko'birek ju'z berip atır. A'lbette, onın' sebepleri de bar.  Bunın' sebebi, Aral ten'izinin' ha'dden tıs qurıwına baylanıslı ten'iz ultanan ko'terilgen duz aralas shan'lar jerdin' duzlılıg'ın arttırıp atır. Topıraqtın' shorlanıwı klimat jag'dayının' o'zgeriwine de ta'sir etpekte.

Paxtashılıqtı rawajlandırıwdın' keleshektegi ayqın jolı paxtashalıqta ilimiy-texnikalıq jetiskenliklerdi ken'nen qollanıw menen birge ilimiy jaqtan sınap ko'rilip, ta'jiriybede o'zin aqlag'an usıllardan paxta menen jon'ıshqanı almaslap egiwdi barlıq fermer xojalıqları tolıq a'melge asırıw lazım. Shomanay rayonı xojalıqlarının' qa'nigelesken tarawı paxtashılıq bolıp, ol barlıq egislik maydannın' 1/4 bo'limine tuwra keledi.

Rayon boyınsha paxtashılıqqa qa'nigelestirilgen xojalıqlarda 2011-jılı egislik maydanları,olardan o'ndirilgen o'nimler ha'rqıylı esaplanadı. Rayon boyınsha paxtanın' maydanı 6705 ga jerge egilgen bolsa, sonın' 27 %-i O.Ko'kko'zov MTP g'a qaraslı fermer xojalıg'ına tuwra keledi. En' az egilgen xojalıqlarg'a Aybu'yir ha'm Doslıq bayrag'ı MTP-g'a qaraslı xojalıqlarg'a tiytsli bolıp,rayon boyınsha egilgen paxtanın' ha'r-birine 7-8%-ten egislik maydan tuwra keledi. Joqarıdag'ı paxtashılıq xojalıqların bir-biri menen salıstırıp qarasaq, 20 %-ke shamalas ayırmashılıqqa iye ekenligin ko'remiz.

Rayon boyınsha 2011-awıl xojalıq jılında paxtanın' egislik maydanı 6705 ga bolıp, onnan 17,2 ts/ga zu'ra'a't alınıp, ulıwma o'nim 11193 tonnanı quradı. To'mendegi kestede rayon boyınsha paxtashılıqtın' 2002-2011 jıllar aralıg'ında dinamikası keltirilgen.

10-keste

**Shomanay rayonında paxtashılıqtın' rawajlanıw dinamikası**

| **Jıllar** | **egislik maydan mın' ga** | **hasıldarlıq ts/ga** | **ulıwma o'nim mın' tonna** |
|---|---|---|---|
| 2002 | 2520 | 4,0 | 1008 |
| 2003 | 4899 | 10,5 | 5312 |
| 2004 | 7040 | 14,2 | 9583 |
| 2005 | 6050 | 19,8 | 11980 |
| 2006 | 6012 | 17.2 | 10342 |
| 2007 | 6268 | 17,5 | 10969 |
| 2008 | 4168 | 18,3 | 6854 |

| | | | |
|---|---|---|---|
| 2009 | 5014 | 14,8 | 6824 |
| 2010 | 6475 | 15,9 | 8568 |
| 2011 | 6705 | 17,2 | 11193 |

Keste mag'lıwmatlarına analiz beretug'ın bolsaq, jıldan-jılg'a paxtanın' egislik maydanı dinamikası ha'rqıylı. Bug'an a'lbette en' baslı sebep suwdın' az bolıwı, jerlerdin' ha'dden tıs shorlanıwı, klimattın' o'zgeriwi, jawın-shashınlardın' az bolıwı ha'm t.b. ta'sir etip atır. Paxtanın' egislik maydanı 2002-jılı 2520 ga egilgen bolsa, 2008-jılı paxtanın' egilgen maydanı 4100 ga qısqardı. Degen menen son'g'ı jıllarda rayonda paxta egislik maydanları ja'ne de artqanlıg'ın ko'remiz. Son'g'ı 10 jıl ishinde o'tken awıl xojalıq jılın rayon diyxanları tabıslı juwmaqladı. Paxtashılıqtan alıng'an ulıuma o'nim de artqanlıg'ın ko'remiz.Bul xalıqtın' materiallıq jag'dayına keskin ta'sir etiwi so'zsiz.

**G'a'lleshilik**. Ha'zirgi waqıtta rayon g'a'lleshiliginde tiykarınan biyday jetistiriw u'lken a'hmiyetke iye. Biyday en' a'hmiyetli azıq-awqatlıq egin bolıp, adamlar ta'repinen ko'p paydalanıladı ha'm tirishiliktin' girewi esaplanıladı. Ha'mme da'nli eginlerdin' ornı girewli. Biraq basqa da'nli eginler biydaydın' ornın basa almaydı. Sebebi biydaydın' quramında beloktın' salıstırma salmag'ı joqarı bolıp, da'nli eginler arasında en' ko'p egiletug'ın egin bolıp, gu'zlik ha'm jazlıq bolıp bo'linedi.

Respublikamızdag'ı sıyaqlı rayonda da tiykarınan gu'zlik biyday egilip, klimat sharayatlarına qaray sentyabr, oktyabr aylarında egiledi. Sebebi ol gu'z aylarının' o'zinde-aq jerge tamır urıp, ba'ha'rde birden rawajlanıwına imkaniyat tuwdıradı. Respublikamız g'a'rezsizlikke erisken jıllardan baslap xalıqtı da'n menen ta'miyinlew maqsetinde biyday egiwge ayrıqsha itibar berilip, egislik jerler strukturasında biydaydın' ornı arta basladı. Biraq egilgen jerler tiyisli da'rejede jaqsı jerler bolmag'anlıqtan, onın' u'stine tiyisli agrotexnikalıq qa'deler o'z waqtında asırılmawı na'tiyjesinde ha'r gektardan alıng'an hasıl g'a'rezsizliktin' da'slepki jılları nebarı 8-10 tsentnerden alg'an bolsa, suwsızlıq jıllarında

biydaydın’ zu’ra’a’tliligi egislik maydanı ha’m ulıwma o’nimi de bir qansha qısqarıp ketti. Bunı biz to’mendegi kesteden ko’riuimizge boladı.

11-keste

**Shomanay rayonı boyınsha da’nli eginlerdin’ dinamikası**

| Jıllar | **Egislik maydan ga** | **Zu’ra’a’tlilik ts\ga** | **Ulıwma o’nim t\ga** |
|---|---|---|---|
| 2002 | 346 | 1,6 | 58 |
| 2003 | 4876 | 19,5 | 5956 |
| 2004 | 4345 | 24,3 | 4707 |
| 2005 | 2742 | 19,7 | 5402 |
| 2006 | 1781 | 32,9 | 5861 |
| 2007 | 1689 | 34,6 | 5844 |
| 2008 | 4282 | 23,2 | 9687 |
| 2009 | 5519 | 23,3 | 7038 |
| 2010 | 5553 | 15,3 | 8179 |
| 2011 | 5129 | 17,3 | 8878 |

Keste mag’lumatların analizlegenimizde rayon boyınsha 2002-jılı 58 t. biyday jetistirgen bolsa, 2006-jılı 5861 t. 2011-jılı 8878 t biyday jetistirgenligin ko’remiz. Yag’ni ko’rsetilgen jıllar ishinde biyday jetistiriw dinamikası artqanlıg’ın ko’remiz.Degen menen biydaydan alınıp atırg’an zu’ra’a’tlilik basqa wa’layatlarg’a salıstırg’anda anag’urlım to’men. Andijan, Ferg’ana wa’layatlarında 60-65 ts. o’nim alıng’an bir waqıtta bul sortlar bizin’ sharayatta egilse hasıldarlıg’ı 30-40 ts.-den artpaydı. Respublikamız sharayatına iykemlesken biydaydın’ «Qaraqalpaq-15», T-4151, TS-80 sortları rayon sharayatına maslaspaqta.

Rayonda shirket xojalıqları saplastırılıp, tiykarg’ı o’nim jetkerip beriwshiler fermer xojalıqları esaplanadı. Olardın’ u’lesine rayonda jetistirilgen o’nimnin’ tiykarg’ı bo’limi tuwra keledi. Ayırım fermerler agrotexnikalıq qa’delerge say jumıs alıp barıp, gektarınan 30-40 tsentner o’nim almaqta. Usının’ o’zinen ko’rinip

turıptı rayonnın' qıyın ekologiyalıq sharayatında da g'a'lleshilikten joqarı zu'ra'a't alıw mu'mkinshiligine iye.

Elimizde ju'rgizilip atırg'an ekonomikalıq reformalar xalıqtı sotsiallıq qorg'awg'a, en' aldı menen olardın' azıq-awqatqa bolg'an talabın qanaatandırıw ushın bag'darlang'an. Da'nli eginlerden salı, biyday, ma'kke, ju'weri, tarı, ma'sh ha'm t.b. esaplanıp, rayonda birinshi orındı biyday jetistiriw iyeleydi.

**Ovosh-palız eginleri.** Ovosh-palız eginleri organizm ushın en' a'hmiyetli vitamin ha'm mineral zatlarg'a bay azıq-awqat o'nimlerinen esaplanadı. Rayonnın' ta'biyiy sharayatı ovosh-palız eginlerinen joqarı o'nim alıp, onı tezletilgen pa't penen rawajlandırıwg'a tolıq mu'mkinshilikler jaratadı. Rayonnın' ta'biyiy sha'rayatlarının' ovosh-palız eginlerin jetistiriwge qolaylı bolıwına qaramastan, son'g'ı jılları bul eginlerdin' egislik maydanlarının' azayıwına ha'm zura'a'tliginin' salıstırmalı to'menlewine alıp keldi. Bunı to'mendegi tablitsadan ko'riwimizge boladı.

12-keste

**Shomanay rayonında ovosh-palız o'nimlerin jetistiriw dinamikası**

| | **2006** | | **2011** | |
|---|---|---|---|---|
| | **egislik maydan ga.** | **o'ndirilgen o'nim. t.** | **egislik maydan ga.** | **o'ndirilgen o'nim t** |
| Ovosh | 70 | 329 | 175 | 2327 |
| Palız | 32 | 119 | 133 | 1742 |

Keste mag'lumatlarında ko'rip turg'anın'ızday, 2011 jılda ovosh-palız eginlerinin' maydanı 2006-jılg'a salıstırg'anda 3-4 esege, ulıwma o'nimnin' ko'lemi 6-7 esege artqanlıg'ın ko'remiz. Suwsızlıqtan keyingi jıllar ishinde rayonda ovosh-palız eginlerinin' hasıldarlıg'ının' da artqanlıg'ın ko'remiz. Biraq bul ko'rsetkish tiykarınan egislik maydanlardın' artıwınan, yag'ni ekstensiv jol menen a'melge aspaqta. Eger ovosh-palız eginlerine bolg'an sırtqı bazardag'ı talaptıı esapqa alsaq, onda ovosh-palız eginlerinin' egislik maydanı a'dewir asırıw

menen birge, onın' hasıldarlıg'ın da ko'beytiw bu'gingi ku'nnin' a'hmiyetli ma'selelerinin' biri bolıp esaplanadı.

**Sharwashılıq**: Awıl xojalıg'ının' en' a'hmiyetli tarawlarının' biri mal sharwashılıg'ı bolıp esaplanadı. Mal sharwashılıg'ı awıl xojalıg'ının' diyxanshılıqtan keyingi ekinshi tarawı bolıp esaplanadı. Sharwashılıqtın' rawajlanıwı diyxanshılıqtın' tez pa't penen rawajlanıwına ken' jol ashadı. Rayonımızda sharwashılıq, a'sirese qara mal sharwashılıg'ının' ekonomikalıq jaqtan rawajlanıwında xalıqtı azıq-awqat o'nimleri menen ta'miyndewde, jen'il sanaat tarawların shiyki zat penen ta'miyinlewde aqmiyetli orın tutadı. Rayonnın' sharwashılıq tarawı tiykarınan ta'biyiy jaylawları ha'm suwgarıp egiletug'ın ot-jemlik eginlerge tiykarlanıp rawajlanbaqta. Sharwashılıq tarawları ulıwma awıl-xojalıg'ı o'nimlerinin' 1/4 bo'limine jaqının jetkerip beredi. Rayon sharwashılıg'ının' qa'niygelesken tarawı qara mal sharwashılıg'ı bolıp tabıladı.

Rayonda tiykarınan sharwashılıqqa qaniygelesken xojalıqlar bolmag'anı menen sharwashılıq tiykarında qa'liplesken fermer xojalıqları ha'r bir xojalıqta ko'plep ushırasadı. Olardın' rawajlanıw da'rejesi ha'r qıylı. Degen menen keyingi jılları rayonda awıl-xojalıg'ına bolg'an itibardın', yag'nıy qarjı menen ta'miyinlewdin' azayıwı, ot-jem bazasının' to'menlewi rayondag'ı qıyın ekologiyalıq sharayat, mallardın' bas sanının' ko'plep satılıwı na'tiyjesinde ha'm sharwa xojalıqların fermer xojalıqlarına aylanıwı rayonda bul tarawg'a degen itibardın' to'menlewine alıp keldi.

To'mendegi kestede rayon xojalıqları boyınsha sharwashılıq mallarının' bas sanı, fermer ha'm u'y-xojalıqlarındag'ı sharwashılıq mallarının' dinamikası keltirilgen.

13-keste

**Shomanay rayonı boyınsha sharuashılıq dinamikası**

| Ko’rsetkishler | 2006-jıl | 2011-jıl | 2006-jılg’a salıstırg’anda %-esab. |
|---|---|---|---|
| **Xojalıqlardın’ barlıq tu’rleri boyınsha** | | | |
| İri shaqlı qaramallar | 28512 | 46211 | 162,0 |
| Sonnan: sıyırlar | 8245 | 9779 | 118,6 |
| qoylar | 30965 | 44145 | 142,5 |
| atlar | 688 | 707 | 102,7 |
| **Xalıqta** | | | |
| İri shaqlı qaramallar | 24839 | 44161 | 177,7 |
| Sonnan: sıyırlar | 7050 | 8996 | 127,6 |
| qoylar | 28719 | 42804 | 149,0 |
| atlar | 661 | 690 | 104,3 |
| **Fermer xojalıg’ında** | | | |
| İri shaqlı qaramallar | 1481 | 2050 | 138,4 |
| Sonnan: sıyırlar | 455 | 783 | 172,0 |
| qoylar | 459 | 1341 | 3 ese |
| atlar | 26 | 18 | 67,3 |

Joqarıdag’ı kestede rayondag’ı barlıq tu’rdegi sharwa mallarının’ dinamikasın analiz qılg’anımızda, ulıwma mallardın’ bas sanı 1990-2000-jıllarg’a salıstırg’anda da kemimegenin ko’remiz, al kerisinshe 2006-2011-jıllar aralıg’ında ulıwma iri shaxlı mallar da, mayda mallardın’ da bas sanı artqanın ko’remiz. Mısalı, 2011 jılı 2006 jılg’a salıstırg’anda iri shaxlı mallar o’simi 162,0 % quradı, qoy-eshkiler usı da’wir ishinde 142,5 %-ke arttı.

Degen menen bul ko’rsetkishler tarawlar boyınsha ha’rqıylı. Ulıwma keste mag’lumatların analizlegenimizde 2006 jılı sharwa mallarının’ 10%-i awıl-xojalıq ka’rxanalarında, 10%-i fermer xojalıqlarında, al qalg’an 80%-i jeke xojalıqlardag’ı

iri shaxlı ha'm mayda mallar esaplanıp, fermer xojalıqlarına tuwra kelse,qalg'an 95%-ten aslamı jeke xojalıqlarg'a tuwra keledi.2011 jılg'ı mag'lumat boyınsha awıl-xojalıg'ı karxanaları mamleketke sharwashılıq o'nimlerin tapsırmag'an sonlıqtan kestede berilmegen..Sharwashılıqtın' rawajlanıwı tarawlar boyınsha ha'r qıylı. Mısalı, kestede ko'rsetilgenindey rayonda jeke xojalıqlarda barlıq tu'rdegi iri shaxlı mallar, qoy-eshki, atlardın' bas sanı izbe-iz artpaqta. Al fermer xojalıqlarında mayda mallardın' tez pa't penen ko'beyiwi sezilmekte. 2011 jılı 2006-jılg'a salıstırg'anda o'sim 3 eseni quradı,. sonnan sawın sıyırlar 172,0% o'sken bir waqıtta, fermer xojalıqlarındag'ı atlardın' sanı bir qansha kemigen, yag'nıy 2011 jılı 2006-jılg'a salıstırg'anda atlardın' sanı 65,3%-i tutqanlıg'ın ko'remiz.

Rayon sharwashılıg'ında mallardın' bas sanı menen bir qatarda sharwashılıq o'nimlerin jetistiriw ha'm ma'mleketke satıw u'lken orın tutadı. Sharwashılıq o'nimleri xalıq da'stu'rxanında bolıw menen birge, rayondag'ı sanaat ka'rxanaların shiyki zat penen ta'miyinlep turadı. Mısalı, azıq-awqat sanaaatın go'sh-su't, jen'il sanaattı teri-ju'n menen ta'miyinleydi. Degen menen rayonda qımbat bahalı an' terileri ma'mleketke tapsırılmaydı. To'mendegi kestede rayonnın' sharwashılıq tarawlarında o'ndirilgen o'nim tu'rlerinin' dinamikası keltirilgen.

14 -keste

**Shomanay rayonı boyınsha sharwashılıq o'nimlerin jetistiriw dinamikası**

| № | Sharuashılıq o'nimleri | 2006 | 2011 | 2006-jılg'a salıstırg'anda |
|---|---|---|---|---|
| 1. | Barlıq xojalıqlarda go'sh (tiriley salmaqta) | 1202 | 1696 | 141,1 |
| | Su't (tonna) | 4631 | 4905 | 105,9 |
| | Ma'yek (mın' dana) | 465 | 775 | 166,6 |
| | Ju'n (tsentner) | 22,5 | 29,1 | 129,3 |
| | U'y xojalıqlarında | | | |
| | Go'sh (tiriley salmaqta) (t.) | 1155 | 1668 | 144,4 |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| | Su’t (tonna) | 4197 | 4795 | 114,2 |
| | Ma’yek (mın’ dana) | 465 | 775 | 166,6 |
| | Ju’n (tsentner) | 22,5 | 29,1 | 129,3 |
| | Fermer xojalıqlarında | | | |
| | Go’sh (tiriley salmaqta) | 30 | 28 | 93,3 |
| | Su’t (tonna) | 321 | 110 | 34,2 |

Rayon boyınsha sharwa mallarının’ bas sanı menen birge sharwashılıq o’nimlerin jetistiriw de u’lken orın tutadı.

Keste mag’lıwmatların analizlegenimizde rayon boyınsha sharwashılıq o’nimlerinen tiykarınan go’sh (tiriley salmaqta) su’t, ma’yek, ju’n o’nimleri tapsırıladı. Rayon boyınsha barlıq xojalıq subektlerinde ma’mleketke sharwa o’nimlerin tapsırıw artqanın ko’remiz. Mısalı, rayon boyınsha 2011-jılı 2006 jılg’a salıstırganda go’sh jetistiriw 141,1%-ke, yag’nıy 2006 jılı 1202 tonna bolg’an bolsa, 2011 jılı bul ko’rsetkish 1696 tonnanı quradı. Usı da’wir ishinde su’t jetistiriw, ma’yek, ju’n jetistiriw ko’rsetkishleri de bir qansha artqanlıg’ın ko’remiz.

Degen menen rayonda sharwashılıq o’nimlerinin’ dinamikası artqan bir da’wirde awıl-xojalıg’ı ka’rxanaları sharwashılıq o’nimlerin mamleketke tapsırmadı. Sharwashılıq o’nimlerin jetistiriwde fermer xojalıqlarının’ tutqan ornı ele de az bolıp qalmaqta. Fermer xojalıqları u’lesine ulıwma tiriley salmaqtag’ı go’shtin’ 3%-i, su’t jetistiriwdin’ 5%-i g’ana tuwra keledi. Usının’ o’zinen ko’rinip turg’anınday, sharwashılıq o’nimlerin jetistiriwde ma’mleketlik xojalıqlardın’, fermer xojalıqlarının’ roli to’men bolıp qalmaqta. 90% tiykarg’ı sharwashılıq o’nimlerin u’y xojalıqları jetkerip bermekte ha’m olardın’ u’lesi jıldan-jılg’a artpaqta. Bul o’z gezeginde xalıqtın’ materiallıq jag’dayının’ jaqsılanıwınan derek beredi.

**Fermer xojalıqları:** Respublikamız o’z g’a’rezsizligine erisken ku’nnen baslap, isbilermenlik ha’m diyxan-fermer xojalıqların rawajlandırıwg’a ha’r

ta'repleme jol ashıp berdi. Jeke menshik ha'm kishi ka'rxanalar awıl xojalıg'ında, sonın' ishinde mal sharwashılıg'ı ha'm basqa da ko'plegen tarawlarda ko'p tarmaqlı diyxan-fermer xojalıqları duzildi. Olardan «Jamal» ko'p tarmaqlı diyxan-fermerler xojalıg'ı. Bul xojalıq paxta egiw menen bir qatarda 450 bas qaramal bag'ıp atır. Seytjan A'bdixalıqov basqarg'an bul xojalıqta ha'zirgi waqıtta sutkasına 8 tonna su'tti qayta islew mumkinshiligine iye tsex, 1,5 litrlik plasmassa ıdısqa 3000 dana mineral suwın quyıp shıg'aratug'ın kishi zavodı, bir smenada 2 tonnag'a shekem yodlang'an duz islep shıg'aratug'ın tsex, paxtanın' qaldıqlarınan fata-mamıq islep shıg'aratug'ın 4 tonnalıq quwatqa iye tsex u'zliksiz islep, rayon xalqının' iygiligi ushın qızmet etpekte.

«Quwanısh» diyxan-fermer xojalıg'ı ovosh-baqsha ha'm palız eginlerin jetistiriwge qa'nigelestirilgen. Diyxanshılıqtan tapqan tabısları esabınan un qaraz, gurish qaraz, kepserlew tsexın iske qosıp, xalıqtın' mu'ta'jliklerin pitkeriwde unamlı jumıslardı a'melge asırmaqta. Usının' na'tiyjesinde awıl xojalıg'ının' ajıralmas bir bo'legi bolg'an mal sharwashılıg'ın rawajlandırıw ha'm sharwa o'nimlerin jetistiriw ushın isbilermen ha'm fermerler jıldan –jılg'a ko'beymekte. Bunday fermerler qatarına «Gu'lzar», «Shomanay», «Erkin tan'», «Serdar» «Basik» fermer xojalıqların kirgiziwge boladı.

2011-jılı rayon boyınsha 147 fermer xojalıgı bolıp, bul ko'rsetkish 2006-jılı 312 fermer xojalıg'ın qurag'an edi.Usınnın:132 fermer xojalıg'ı paxtashılıqqa,13 fermer xojalıg'ı sharwashılıqqa qaniygelesken. Son'g'ı jıllarda awıl xojalıg'ında diyxanshılıqtı optimizatsiyalaw tiykarında fermerler sanı jıldan-jılg'a kemeyip atırg'anlıg'ın ko'remiz.

Prezidentimizdin' awıl-xojalıg'ında sharwashılıqtı bunnan bılayda rawajlandırıw maqsetinde bankler ta'repinen an'satlastırılg'an jag'dayda kreditler beriw haqqındag'ı qararı respublikamızda, sonın' ishinde men u'yrenip atırg'an Shomanay rayonında da sharwashılıq tarawının' rawajlanıwına jol ashtı.

Ulıwma alganda rayon awıl-xojalıg'ındag'ı sıyaqlı sharwashılıq tarawında da sheshiliwi tiyis ma'seleler ko'p, olardan sharwashılıq ushın bekkem ot-jem bazasının' to'menligi, sebebi 2000-2001-jıllardag'ı suwsızlıq jerlerdin' shorlanıwı, mineral to'ginlerdin' jetispewshiligi ta'biyiy jaylawlardın' zu'ra'a'tliginin' to'menligi awıl-xojalıg'ı ka'rxanalarındag'ı mallardın' bas sanının' ha'm sharwashılıq o'nimlerinin' kemeyiwine alıp keldi.

Juwmaqlap aytqanda rayonda sharwashılıq tarawın rawajlandırıw ushın ot-jem bazasın qa'liplestiriw, sharwashılıqtı qa'nigeli kadrlar menen ta'miyinlew, sharwashılıqta na'sil sıyırlardı ko'beytiw, zooveterinariya jumısların durıs jolg'a qoyıw, sharwashılıq o'nimlerin qayta islewshi agrosanaat tarmaqların intensiv rawajlandırıw arqalı sharwashılıq tarawlarının' rentabellik da'rejesin arttırıw mu'mkinshiligi jaratıladı.

## IV-BAP. Rayonının’ transport tarmaqları menen ta’miynleniw jag’dayı

Transport xalıq xojalıg’ının’ en’ a’hmiyetli tarawlarınan bolıp, o’zine ta’n o’zgesheliklerge iye. Olardın’ xalıq xojalıq ju’klerin, jolawshılardı bir orınnan ekinshi orıng’a o’z waqtında jetkerip beriw usag’an a’hmiyetli wazıypanı orınlawı – transporttın’ shıg’arg’an o’nimi esaplanadı. Transport qala menen awıl arasındag’ı transport qatnasıqları ju’klerdi ha’m jolawshılardı tasıw transport arqalı ju’rgizildi. Shomanay rayonı ushın keletug’ın ju’kler, jiberiletug’ın o’nimler Qarabaylı stantsiyası arqalı iske asırıladı. Transport materiallıq baylıqlardı aylanısqa tu’siredi. Sonlıqtan transport o’nim islep shıg’arıwshı tarawlardın’ joqarı pa’t penen rawajlanıwında, xalıqtın’ ekonomikasının’, ma’deniyatının’, turmıs jag’daylarının’ ko’teriliwine a’hmiyetli u’les qosadı. Rayon orayı ha’m xojalıqlar arası ha’zirgi zaman asfallang’an jollarg’a iye bolıp, jolawshılardın’ qatnawı ushın qolaylılıqlar jaratılg’an. Ha’zirgi ku’nge shekem asfaltlang’an jollardın’ uzınlıg’ı rayonda 303 km-di quraydı..

Shomanay rayonının’ aymag’ı arqadan tu’slikke qaray 50 km ge, batıstan shıg’ısqa qaray 60 km ge sozılg’an. Rayon aymag’ındag’ı barlıq massivler, barlıq elatlı punktler avtomobil jol tarmaqları menen ta’miynlengen. Usı jollar arqalı avtomobiller menen ju’kler tasıladı. Shomanay rayonına 2 avtoka’rxana xızmet ko’rsetedi.

No’kis-Qon’ırat temir jolının’ paydalanıwg’a beriliwi tek g’ana Xojeli rayonı emes, al Shomanay rayonının’ ekonomikalıq, sotsiallıq rawajlanıwında u’lken a’hmiyetke iye.Rayon aymag’ınan 18 km.temir jol liniyası o’tedi. Rayon orayı menen xojalıqlar aralıq jollarda da jolawshılarg’a avtobuslar qoyılıp, belgilengen ta’rtip boyınsha jumıs alıp barılmaqta.

Shomanay-No’kis, Shomanay-Qon’ırat, Shomanay-Xojeli marshrutları boyınsha ha’r ku’ni avtobuslar qatnamaqta. Shomanay rayonı aymag’ınan No’kis-Xojeli-Qon’ırat-Moynaq avtotrassası o’tedi.

Avtomobil transportı o’zinin’ atqaratug’ın xızmeti boyınsha en’ da’slep ishki rayonlar aralıq a’hmiyetke iye. Avtomobil transportın na’tiyjeli paydalanıwda asfaltlang’an ha’m tas to’selgen jollardın’ a’hmiyeti o’z aldına. Qala ha’m xojalıqlar-aralıq jollar asfaltlanıp, belgilengen bag’dar boyınsha qala orayınan massiv oraylarına qatnap, xalıqtın’ alısın jaqın qılmaqta.

Shomanaydan No’kiske, Xojelige, Qon’ıratqa avtobuslar qatnaydı, biraq sonı da aytıw kerek, rayondag’ı avtomobil transportının’ jag’dayı xalıqtın’ o’sip baratırg’an talabına tolıq juwap bere almaydı.

Transport tarawları arqalı sanaatqa shiyki zat o’nimleri, sanaat o’nimlerin tutınıwshılarg’a jetkerip beriledi. 1952-jılda Chardjow-Xojeli jol qurılısı paydalanıwg’a berildi ha’m temir jol transportı biz izertlegen rayon terrritoriyasının’ shıg’ıs ta’repinen o’tedi, al geypara xojalıqlar, atap aytqanda O.Ko’kko’zov, Diyxanabad xojalıqları temir jol liniyasına tikkeley jaqın jaylasqan. Rayong’a keletug’ın sanaat o’nimleri, atap atqanda ma’deniy to’ginler, da’n, un, qant, ag’ash ha’m t.b. o’nimler Qarabaylı stantsiyasına kelip tu’sip, sol jerden xojalıqlarg’a jiberiledi, rayon ekonomikasının’ ha’m ma’deniyatının’ rawajlanıwında temir jol transportının’ tutqan ornı og’ada u’lken.

Respublikamızda sonın’ ishinde, Shomanay rayonı boyınsha mashina-traktor parkinin’ (MTP) xalıq-xojalıg’ın atap aytqanda, awıl xojalıg’ında roli og’ada u’lken. Shomanay rayonı boyınsha mashina-traktor parkine tiyisli traktorlar sanı 352 dana,71 dana seyalkalar,biyday orıwshı kombaynlar 5 dana,11 magnum traktorları, 32 juk avtomashinaları awıl xojalıg’ına qızmet etpekte.

Avtomobil transportının’ rawajlanıwında ha’m onın’ qolaylı islewinde jollardın’ asfaltlanıwı, yaki bolmasa tas to’selgen jollarg’a iye bolıwı u’lken a’hmiyetke iye. Rayong’a ju’da’ jaqın territoriyadan No’kis, Xojeli, Qon’ırat-Moynaq avtotrassası o’tedi, usı avtotrassa arqalı rayonnın’ barlıq xojalıqları asfaltlang’an jollarg’a iye.

Avtomobil transportı arqalı ha’r jıl sayın passajirlerdi tasıw ha’m og’an bolg’an talap artıp baratır. Usıg’an baylanıslı rayon orayında avtokolonna avtobaza bolıp qayta sho’lkemlestirildi. Xojalıqlar aralıq asfaltlang’an jollar tozıp, ko’p orınlarda qayta asfaltlawdı talap etpekte. Sonlıqtan keleshekte xalıq xojalıg’ının’ talabına say avtomobil transportın rawajlandırıw ayrıqsha a’hmiyetke iye.

Rayonda o’ndirilgen ha’m elimizdin’ basqa rayonları ushın arnalg’an ju’kler paxta, qawın-qarbız,ovosh-miyue t.b.o’nimler, sonday-aq shetten Shomanay rayonı ushın alıp kelinetug’ın xalıq xojalıq ju’klerinen mineral to’ginler, awıl xojalıq mashinaları, texnika, da’n, ag’ash, tsement ha’m t.b. azıq-awqat, sanaat o’nimleri Qarabaylı stantsiyası arqalı alıp kelinedi.

Shomanay rayonı, sonday-aq, joqarı voltlı liniyalar arqalı Taxiyatas JES inen xojalıqlar ushın jeterli bolg’an elektr energiyaların alıp turadı.

Ulıwma alg’anda rayonnın’ transport ha’m transport-ekonomikalıq baylanısları xalıq xojalıg’ı tarawların rawajlandırıwda u’lken orın tutadı.

# Juwmaqlaw

Shomanay rayonı awıl-xojalıg'ı o'ndirisin natiyjeli rawajlandırıw ilajları ha'm imkaniyatları tezlestirilip, ko'plegen ishki mu'mkinshiliklerden paydalanıw ilajları iske aspaqta. Bul ushın aldı menen xojalıqlardı suw menen ta'miyinlew ma'selelerin, sheshiw-a'sirese rayonımızdın' respublikadag'ı suwg'arıw tarmaqlarının' en' ayag'ına jaylasıwına baylanıslı jeterli suw bolmasa rayonda awıl-xojalıq taraularınan mol o'nim alıw, dıyxanshılıqtın' ma'deniyatın arttırıw qıyın.

Rayonnın' sho'lkemlestirilgennen berli xojalıqtın' barlıq bilim uqıbı, sho'lkemlestiriwshilik sheberligi, ku'sh-jigeri awıl-xojalıg'ın rawajlandırıwg'a a'sirese onın' tiykarg'ı tarawı bolg'an paxtashılıqtı rauajlandırıug'a qaratılg'an.

Shomanay rayonının' sotsiallıq-ekonomikalıq rawajlanıwın tezlestiriw xalıqtın' ma'deniy, turmıs jag'dayların jaqsılaw ushın to'mendegi sha'rt-sha'riyatlardın' a'melge asırılıwı kerek degen pikirdemiz. Rayon xojalıg'ının' tiykarg'ı baylıg'ı paxta. Paxtashılıq kompleksi ushın za'ru'r bolg'an mashina, aspab-uskene, janar may, maylaw buyımları, ma'deniy to'ginler, ximikatlardın' satıp alıw bahaları ha'r jıl sayın qımbatlawı ha'm og'ada qımbat ekenligi ishki rezervlerdi iske qosıp tejep paydalang'anı menen go'zlegen na'tiyjege erisiw, rayon sharayatında og'ada qıyın. Sonlıqtan paxta ushın sarplang'an shıg'ınlardı jabıw ushın paxtanın' ma'mleketlik satıp alıw bahasın ko'teriw lazım. Aral boyı regionı a'sirese respublikamızdın' ta'biyiy jag'dayları og'ada awır.Suwdın' jetispewshiligi, jazdın' og'ada ıssılıg'ı, qıstın' suwıq bolıwı,topıraqtın' og'ada shorlang'anlıg'ı ha'm t.b.bolıp esaplanadı.Sonlıqtan diyxanshılıqta ko'birek ku'sh salıwdı ha'm miynet etiwdi talap etedi. Sonlıqtan paxta egiwden baslap, jıynap alıwg'a shekem bolg'an aralıqtag'ı jumıslar, a'sirese paxtanı jıynap alıwdag'ı protsesslerdin' tiykarı bolg'an texnikag'a ju'klenbes eken, onın' o'zine tu'ser bahasının' arzanlawı qıyın, miynet o'nimdarlıg'ının' artıwı da mexanizatsiyag'a baylanıslı.

Sonlıqtan da awıl xojalıg'ın intensiv rawajlanıwdın' bas bag'darı awıl xojalıg'ında ilim jetiskenlikleri, aldın'g'ı texnika ha'm texnologiyalar tiykarında tolıq mexanizatsiyag'a o'tiwden ibarat.Ha'zirgi zamannın' talabına say paxtashılıq xojalıqları tek paxta menen shug'ıllanıp qoymastan xalıq tutınıw tovarların islep shıg'aratug'ın kishi ka'rxanalardı ashıw, awıl xojalıq o'nimlerin qayta isleytug'ın o'ndirislerdi ashıw, sonday-aq xızmet ko'rsetiw tarawların da rawajlandırıw za'ru'r bolıp esaplanadı.

Juwmaqlap aytqanda Shomanay rayonı respublikamızdın’ arqa rayonları ishinde awıl-xojalıg’ına qaniygelesken rayonlar qatarına kirip, ekonomikalıq reformalardı basqıshpa-basqısh a’melge asırmaqta. Bazar ekonomikasına o’tiw da’wirinde ha’r bir rayonnın’ ekonomikalıq rawajlanıw bag’darların boljaw ha’m analizlew a’hmiyetli ma’sele esaplanadı. Sebebi ham bir rayonnın’, sonın’ ishinde men izertlep atırg’an rayonnın’ da qıyın ekologiyalıq sha’rayatta awıl xojalıg’ı tarawlarının’ jaylasıwı həm rawajlanıw bag’darların boljaw quramalı ma’selelerdi ha’m wazıypalardı sheshiwdi alg’a qoyadı. Son’g’ı jılları rayonnın’ sanaat tarmaqların rawajlandırıwda, a’sirese onın’ tiykarg’ı shiyki zatın jetkerip beriwshi awıl-xojalıg’ı tarawların jaylastırıw ha’m rawajlandırıwda belgili da’rejede qıyınshılıqlar ha’m kemshilikler orın almaqta. Bul awıl-xojalıg’ınan alınatug’ın o’nimlerdin’ azayıp ketiwine baslı sebep bolmaqta.

Son’g’ı jılları suw resurslarının’ jetispewshiligi diyxanshılıq strukturasın qayta qarap shıg’ıwdı talap etti, yag’nıy diyxanshılıqta suwdı az talap etetug’ın eginlerdi egiw, sharwashılıq tarmaqların rawajlandırıw a’hmiyetli wazıypa esaplanbaqta.

Rayon xojalıqlarının’ materiallıq-texnikalıq bazası to’men bolg’anlıqtan, awıl-xojalıg’ı eginlerin egiwde, olarg’a agrotexnikalıq qa’delerge say islew beriwde ha’m jıynap alıwda texnikalardın’, awısıq bo’leklerdin’, janar maylardın’ jetispewshiligi seziledi. Bul awıl-xojalıq eginlerinin’ zu’ra’a’tliliginin’ sapasının’ to’menlewine ta’sir jasaydı.

Rayonnın’ barlıq jerleri fermerlerge bo’linip berilgen. Biraq fermer xojalıqlarının’ jumısların rawajlandırıw ushın tolıq imkaniyatlar joq, olardı kreditler menen ta’miyin etiw to’men jag’dayda. Rayonda awıl-xojalıg’ı tarawların rawajlandırıwda qa’niygeli kadrlar u’lken orın tutadı. Baslı wazıypa kadrlardı tayarlaw ha’m ornına qoyıw, isshen’ kadrlardı tan’law bolıp tabıladı. Rayonda sharwashılıq tarmag’ı da to’men rawajlanbaqta sharwa mallarının’ bas sanı, ma’mleketke go’sh-su’t tapsırıwda keyingi jılları artpag’an.

Usılardan kelip shıqqan halda rayon miynetkeshleri aldına joqarıdag’ı mashqala ha’m kemshiliklerdi sheshiw ushın to’mendegi wazıypalardı qoymaqta.

- Rayonnın’ awıl-xojalıg’ında egislik jerlerdin strukturasın qayta qarap shıg’ıw, rayon xalqının’ ishki mu’mkinshiliklerin esapqa alıp, paxta, ovosh, palız, ot-jemlik eginler strukturasın islep shıg’ıw.
- Klimat ha’m jer sharayatına iykemlesken paxtanın’ erte piser sortların egiwdi ken’eytiw.

- Awıl-xojalıg'ının' materiallıq-texnikalıq bazasın bekkemlewge ken' itibar qaratıw.
- Topıraqtın' o'nimdarlıg'ın arttırıwda jergilikli ha'm mineral to'ginlerden ken' paydalanıw, diyxanshılıqta almaslap egiwdi ilimiy tiykarda alıp barıw.
- Jerlerdin' meliorativ jag'dayın jaqsılawda kollektor-drenaj tarmaqlarınan na'tiyjeli paydalanıwdı jolg'a qoyıw.
- Xalıqtın' mal sharwashılıg'ı o'nimlerine bolg'an talabın qanaatlandırıw maqsetinde almaslap egiwdi jolg'a qoyıw arqalı ot-jemlik eginlerdin' maydanın ken'eytiwge erisiw. Mal sharwashılıg'ının' ot-jemlik bazasın bekkemlew.
- Mal sharwashılıg'ı tarawında fermer xojalıqlardı rawajlandırıw, zooveterinariyalıq ku'timdi jaqsılaw h.t.b.

Bul ko'rsetilgen wazıypalar rayon miynetkeshleri aldında turg'an jaqın waqıtta sheshiliwi tiyis bolg'an baslı ma'seleler bolıp tabıladı.

# O'mir qa'wipsizligi

O'zbekstan Respublikası Joqarı ha'm orta arnawlı bilim minisitrligi, puqaralıq qorg'anıwdın' baslıg'ı A.Parpievtin' 28.10.2008 j. №318 sanli buyrıg'ı ha'm universitet İlimiy Ken'esi (12.11.2008 j, №2 is qag'azı) qararı tiykarında tayarlang'an universitet rektoratı buyrıg'ına (13.11.2008 j. №120 D/1, §4) tiykarlanıp «O'mir qa'wipsizligi» pa'nin barlıq ta'lim bag'darları boyınsha talabalarg'a oqıw protsessinde u'yretiw ushın, magistr dissertatsiyasın ha'm bakalavr qa'nigelik pitkeriw jumısın orınlawda pa'nnin' huqıqıy tiykarları kirgizildi.

"Ja'miyette puxaralardın' huqıqları ha'm erkinliklerin qorg'aw ta'miyinlengende ol haqıqıy, huqıqıy puxaralıq ja'miyet boladı. Ha'r bir adam o'z huqıqların anıq biliwi olardan paydalana alıwı, o'z huqıqı ha'm erkinliklerin qorg'ay alıwı lazım. Bunın' ushın da'slep ma'mleketimiz xalqının' huqıqıy ma'deniyatın asırıw za'ru'r" (İ. Karimov. O'zbekstan XXI a'sirge umtılmaqta, 31 – bet).

XX a'sirdin' 60 – jıllarınan baslap is ju'rgizip kelgen puxaralıq qorg'anıw sistemasının' tiykarg'ı wazıypası tınıshlıq da'wirinde ha'm urıs jag'dayında ma'mleket xalqın jalpı qırg'ın quralları ha'm basqa xu'jim qurallarınan qorg'aw, urıs jag'dayında xalıq xojalıg'ı obektlerinin' turaqlı islewin ta'miyinlew ha'mde apatshılıq oshaqlarında qutqarıw ha'm tiklew jumısların o'z waqtında na'tiyjeli a'melge asırıwdan ibarat edi.

Biraq xalıq o'mirine tek jalpı qırg'ın quralları emes, ba'lkim basqa qa'wip – qa'terlerde qa'wip salmaqta, olardı na'zerden shette qaldırıw hasla mu'mkin emes. Bular ta'biyiy, texnogen ha'm ekologiyalıq qa'siyetli ayrıqsha jag'daylar bolıp tabıladı.

90–jıllarg'a kelip yadro urısı qa'wipi kemeyip, biologiyalıq qurallardan paydalanıw sheklep qoyıldı, jan'a – zamanago'y qural tu'rleri oylap tabıldı, olar adamlar ushın qa'wipli bolmay, ba'lki ekonomikalıq obektlerdi isten shıg'arıwg'a qaratılg'an edi. Bulardın' barlıg'ı puqaralıq qorg'anıw sisteması ornında jan'a bir sistema du'ziliw kerekligin da'llilep berdi.

Puqaralıq qorg'anıw ornın iyelewi mu'mkin bolg'an iri ko'lemdegi ayrıqsha jag'daylarg'a a'welden tayarlıqtı ta'miyinlewshi jan'a arnawlı ma'mleket sisteması iyelewi, ol tınıshlıq ha'mde urıs da'wirinde xalıqtı ha'm aymaqlardı ayrıqsha jag'daylardan qorg'awı lazım edi. Bul sistema xalıqtı ayrıqsha jag'daylardan qorg'aw ha'm qutqarıw jumısların o'tkerip qoymay, basqa a'hmiyetli ilajlardı: ta'biyiy apatlardan qa'wipli aymaqlar kartaların du'ziw, seysmikalıq bekkem bina ha'm imaratlardı qurıw, qısqa, orta ha'm uzaq mu'ddetli boljaw jumısların sho'lkemlestiriwi ha'm xalıq tayarlıg'ın a'melge asırıwı lazım edi.

Usı orında ja'ne bir ma'seleni aydınlastırıp alıwg'a tuwra keledi. Ayrıqsha jag'day degen ne, onnan xalıqtı ha'm aymaqlardı qorg'aw degende neni na'zerde tutıwımız kerek?

Ayrıqsha jag'day – adamlar qurban bolıwı, olardın' den sawlıg'ı yaki qorshag'an ortalıqqa zıyan tiyiwi, materiallıq shıg'ınlar keltirip shıg'ılıwı ha'mde adamlardın' turmıs sharayatının' izden shıg'ıwına alıp keliwi mu'mkin bolg'an yaki alıp kelgen avariya, apatshılıq, qa'wipli ta'biyg'ıy ha'diyse yaki basqa ta'biyiy apatshılıq na'tiyjesinde belgili bir aymaqta ju'zege kelgen jag'day.

**Xalıqtı ha'm aymaqlardı ayrıqsha jag'daylardan qorg'aw** – ayrıqsha jag'daylardın' aldın alıw ha'm olardı saplastırıw ilajları, usılları, qurallar sisteması, ha'reketler birlesigi.

**Ayrıqsha jag'daylardın' aldın alıw** – aldın ala o'tkerilip, ayrıqsha jag'daylar ju'z beriwi qa'wipin mu'mkinshiligi bolg'ansha kemeytiwge, bunday jag'daylar ju'z bergen ta'g'dirde bolsa adamlar den sawlıg'ın saqlaw, qorshag'an ta'biyiy ortalıqqa tiyetug'ın zıyan ha'm materiallıq shıg'ınlar mug'darın kemeytiwge qaratılg'an ilajlar kompleksi.

**Ayrıqsha jag'daylardı saplastırıw** – ayrıqsha jag'daylar ju'z bergende o'tkerilip, adamlar o'miri ha'm den sawlıg'ın saqlaw, qorshag'an ta'biyiy ortalıqqa tiyetug'ın zıyan ha'm materiallıq shıg'ınlar mug'darın kemeytiwge, sonday – aq ayrıqsha jag'daylar ju'z bergen zonalardı shen'berge alıp, qa'wipli faktorlar ta'sirin toqtatıwg'a qaratılg'an avariya – qutqarıw jumısları ha'm basqa keshiktirip bolmaytug'ın basqa jumıslar kompleksi.

Xalıqtı ha'm aymaqlardı ayrıqsha jag'daylardan qorg'aw tarawında qoyılg'an en' tiykarg'ı jumıslardın' biri–da'slep Qorg'anıw ministrligi qasında puqaralıq qorg'anıw ha'm ayrıqsha jag'daylar basqarmasının', son' usı basqarma tiykarında **O'zbekstan Respublikası Prezidentinin' 1996 jıl 4 marttag'ı PF–1378 Buyrıg'ı** menen Ayrıqsha jag'daylar ministrliginin' du'ziliwi boldı.

Ministrlik is ju'rgize baslag'annan son' xalıqtı ha'm aymaqlardı ayrıqsha jag'daylardan qorg'aw tarawının' huqıqıy tiykarın du'ziwshi bir qatar nızam ha'm qararlar qabıl etildi.

***O'zbekstan Respublikası nızamları:***

**Xalıqtı ha'm aymaqlardı ta'biyiy ha'm texnogen qa'siyetli ayrıqsha jag'daylardan qorg'aw haqqında** (1999 jıl 20 avgust) – 5 bo'lim ha'm 27 statyadan ibarat. Nızam xalıqtı ha'm aymaqlardı ta'biyiy ha'm texnogen qa'siyetli ayrıqsha jag'daylardan qorg'aw tarawındag'ı sotsial mu'na'sibetlerdi ta'rtipke saladı ha'm ayrıqsha jag'daylar ju'z beriwi ha'm rawajlanıwının' aldın alıw, ayrıqsha jag'daylar keltiretug'ın shıg'ınlardı azaytıw ha'm ayrıqsha jag'daylardı saplastırıwdı maqset etip qoyadı.

**Puxaralıq qorg'anıw haqqında** (2000 jıl 26 may) – 4 bo'lim ha'm 23 statyadan ibarat. Usı nızam puxaralıq qorg'anıw tarawındag'ı tiykarg'ı wazıypalardı, olardı a'melge asırıwdın' huqıqıy tiykarların, ma'mleket organlarının', birlespe ha'm sho'lkemlerdin' wa'killiklerin, O'zbekstan Respublikası puxaralarının' huqıqları ha'm ma'jbu'riyatların, sonday – aq puxaralıq qorg'anıw ku'shleri ha'm qurallarin belgileydi.

**Adamnın' immunitet jetispewshiligi virusı menen keselleniwinin' aldın alıw haqqında** (1999 jıl 19 avgust) – 13 statya. Nızamda AİJS keselliginin' aldın alıw tarawındag'ı ma'mleketlik ta'miyinlew, keselliktin' aldın alıw boyınsha jumıslardı qarjı menen ta'miyinlew, puxaralardın' ha'm ma'jbu'riyatlarına tiyisli ma'seleler ko'rsetilgen.

**Gidrotexnika inshaatlarının' qa'wipsizligi haqqında** (1999 jıl 20 avgust) – 15 statya. Usı nazımnın' maqseti gidrotexnika inshaatların joybarlastırıw, qurıw, paydalanıwg'a tapsırıw, olardan paydalanıw, olardı rekonstruktsiya qılıw, tiklew,

konservatsiyalaw ha'm tamamlawda qa'wipsizlikti ta'miyinlew boyınsha iskerligin a'melge asırıwda ju'zege keletug'ın mina'sibetlerdi ta'rtipke salıw bolıp tabıladı.

**Awıl xojalıq o'simliklerin zıyankesler, kesellikler ha'm jabayı ot - sho'plerden qorg'aw haqqında** (2000 jıl 31 avgust) – 28 statya. Usı nazımnın' maqseti awıl xojalıq o'simliklerin zıyankesler, kesellikler ha'm jabayı ot - sho'plerden qorg'awdı ta'miyinlew, o'simliklerdi qorg'aw qurallarının' adam den sawlıg'ına, qorshag'an ta'biyiy ortalıqqa zıyanlı ta'sirinin' aldın alıw menen baylanıslı qatnaslardı ta'rtipke salıwdan ibarat.

**Radiatsiyalıq qa'wipsizlik haqqında** (2000 jıl 31 avgust) – 5 bo'lim ha'm 28 statyadan ibarat. Nızamnın' maqseti radiatsiyalıq qa'wipsizlikti, puxaralar o'miri, den sawlıg'ı ha'm mal – mu'lki, sonday – aq, qorshag'an ortalıqtı ionlastırıwshı nurlanıwdın' zıyanlı ta'sirinen qorg'awdı ta'miyinlew menen baylanıslı qatnaslardı ta'rtipke salıwdan ibarat.

**Terrorizmge qarsı gu'res haqqında** (2000 jıl 15 dekabr) – 6 bo'lim ha'm 31 statyadan ibarat. Usı nızamnın' maqseti terrorizmge qarsı gu'res tarawındag'ı qatnaslardı ta'rtipke salıwdan ibarat. Nızamnın' tiykarg'ı wazıypaları shaxs, ja'miyet ha'm ma'mlekettin' suverenitetin ha'm aymaqlıq pu'tinligin qorg'aw puxaralar tınıshlıg'ı ha'm milliy tatıwlıqtı saqlawdan ibarat.

**Qa'wipli islep shıg'arıw obektlerinin' sanaat qa'wipsizligi haqqında** (2006 jıl 28 sentyabr) – 23 statya. Nızamnın' maqseti qa'wipli islep shıg'arıw obektlarinin' sanaat qa'wipsizligi tarawındag'ı qa'tnaslardı ta'rtipke salıwdan ibarat.

***O'zbekstan Respublikası Prezidentinin' qararı:***

**Tasqınlar, sel ag'ımları, qar ko'shiw ha'm jer ko'shkisi ha'diyseleri menen baylanıslı ayrıqsha jag'daylardın' aldın alıw ha'm olardın' aqıbetlerin toqtatıw barısındag'ı – ilajlar haqqında** (2007 jıl 19 fevral, PQ – 585 – sanlı). Tasqınlar, sel ag'ımları, qar ko'shiw ha'm jer ko'shki ha'diyseleri menen baylanıslı jumıslardı o'z waqtında ha'm na'tiyjeli sho'lkemlestiriw, sonday – aq olardın' aqıbetlerin tezlik penen toqtatıw maqsetinde qabıl etilgen.

***O'zbekstan Respublikası Ministrler Kabinetinin' qararları:***

**O’zbekstan Respublikası Ayrıqsha jag’daylar ministrliginin’ jumısın sho’lkemlestiriw ma’seleleri haqqında** (1996 jıl 11 aprel, 143 – sanlı). Qararg’a «O’zbekstan Respublikası Ayrıqsha jag’daylar haqqında»g’ı Nızam qosımsha etilgen. Ayrıqsha jag’daylar ministrliginin’ tiykarg’ı wazıypaları, huqıqları keltirilgen.

**O’zbekstan Respublikası Ayrıqsha jag’daylarda olardın’ aldın alıw ha’m ha’reket etiw ma’mleketlik siteması haqqında** (1997 jıl 23 dekabr, 558 - sanlı). Qarar menen O’zbekstan Respublikası Ayrıqsha jag’daylarda olardın’ aldın alıw ha’m ha’reket etiw ma’mleketlik sisteması (AJMS) haqqındag’ı Nızam ha’m onın’ du’zilisi tastıyıqlang’an, ministrlik ha’m idaralardın’ xalıq ha’m aymaqlardı ayrıqsha jag’daylardan qorg’aw boyınsha funktsiyaları keltirilgen.

**O’zbekstan Respublikası xalqın ayrıqsha jag’daylardan qorg’awg’a tayarlaw ta’rtibi haqqında** (1998 jıl 7 oktyabr 427 – sanlı). Qarar ma’mleket xalqın ha’m aymaqların ta’biyiy ha’m texnogen qa’siyetli ayrıqsha jag’daylardan qorg’aw sistemasın rawajlandırıw maqsetinde qabıl etilgen. Qararg’a qosımsha keltirilgen «Xalıqtı ayrıqsha jag’daylardan qorg’aw tarawında tayarlaw ta’rtibi haqqında»g’ı Nızam O’zbekstan Respublikası xalqın ayrıqsha jag’daylardan qorg’aw tarawında, sonday – aq ayrıqsha jag’daylarda ha’reket etiwge tayarlıqtan o’tip atırg’an xalıq toparların tayarlawdın’ tiykarg’ı wazıypaların, tu’rleri ha’m usılların belgileydi.

**Ta’biyiy, texnogen ha’m ekologiyalıq qa’siyetli ayrıqsha jag’daylardın’ sıpatlaması haqqında** (1998 jıl 27 oktyabr, 455 – sanlı). Qarar menen tastıyıqlang’an sıpatlamag’a muwapıq ayrıqsha jag’daylar ju’zege keliw sebeplerine ko’re texnogen, ta’biyiy ha’m ekologiyalıq qa’siyetli, usı jag’daylarda zıyan kergen adamlar sanına, materiallıq zıyanlar mug’darına ha’m ko’lemlerine qarap lokal, jergilikli, respublika ha’m transsshegaralı tu’rlerge bo’linedi.

**O’zbekstan Respublikasında adamlar ha’m haywanlardın’ qutırıw keselligine qarsı gu’resti ku’sheytiw ilajları haqqında** (1996 jıl 18 yanvar, 32 – sanlı). Adamlar ha’m haywanlardın’ qutırıw keselligine qarsı gu’res ilajlarının’

na'tiyjeligin asırıw, sonday – aq xalıq jasaw orınlarında iyt, pıshıq ha'm basqa u'y haywanların ta'rtipke salıw maqsetinde qabıl etilgen.

**G'alaba xalıqlıq ilajlardı o'tkeriw qag'ıydaların tastıyıqlaw haqqında** (2003 jıl 13 yanvar, 15 – sanlı). O'zbekstan Respublikası aymag'ında g'alaba xalıqlıq ilajlar o'tkeriliwi waqtında ja'ma'a't qa'wipsizligin ta'miyinlew ha'm ta'rtibin qorg'aw maqsetinde qabıl etilgen.

**Ayrıqsha jag'daylardı boljaw ha'm aldın alıw Ma'mleket da'stu'rin tastıyıqlaw haqqında** (2007 jıl 3 aprel, 71 – sanlı). Ayrıqsha jag'daylardın' aldın alıw ha'm aqıbetlerin saplastırıw tarawında alıp barılıp atırg'an jumıslar o'nimliligin asırıw maqsetinde qabıl etilgen.

Joqarıda ko'rsetilgen huqıqıy hu'jjetler tiykarında oqıw protsessinde talabalarg'a "O'mir qa'wipsizligi" pa'ninin' barlıq bag'darları boyınsha ken' ma'niste tu'sinikler berildi.

## Paydalanılg'an a'debiyatlar

1. Karimov İ.A. «O'zbekstan XXI a'sir bosag'asında: qa'wipsizlikke qa'wipler, turaqlılıq sha'rtleri ha'm rawajlanıw kepinlikleri». Tashkent. «Uzbekiston»-1997.
2. Karimov İ.A. «O'z keleshegimizdi o'z qolımız benen qurıp atırmız». No'kis «Qaraqalpaqstan»-1990.
3. Ma'tmuratov D.J. «Agroklimaticheskaya usloviya severo-zapadnogo Uzbekistana». Nukus-1990.
4. Ma'tmuratov D.J. «Qaraqalpaqsan ASSRnın' suw ha'm mineral baylıqları». No'kis «Qaraqalpaqstan»-1978.
5. Da'wletov Q. «Geografiya sabag'ı ha'm u'lke tanıw». No'kis «Bilim»- 1992.
6. Qurbanbaev E. «Qaraqalpaqstanda egislik jerlerdin' kebir ashıwı ha'm onın' aldın alıw ilajları». «Qaraqalpaqstan»-1973.
7. Medetullaev J.D. «Awıl-xojalıg'ın qa'niygelestiriw ha'm territoriyalıq o'ndirislik komplekslerin du'ziw ma'seleleri». No'kis-1992.
8. «A'miwda'rya» jurnalı 5-sanı 2000-jıl 24-27 betler.
9. Gulyamov S.S, Ayımbetov N.K, Utarov A.K. «Ratsionalnıe prirodopolzovanie v nijneamudarinskiy territorialno- proizvodstvennom komplekse». «Qaraqalpaqstan»-1991.
10. Shubalov S.A. «Qaraqalpaqstan ASSR-nın' topıraq qatlamı ha'm onın' izertleniwi». Tashkent-1956.
11. Saymanov S. «Jan'a a'sirge – jan'a qa'demler» No'kis, 2000.
12. Rayonnın' statistikalıq basqarması materialları.
   A) Shomanay rayonının' sotsiallıq-ekonomikalıq rawajlanıwının' 2002-2011-jj. statistikalıq byulletenleri.
   V) Awıl-xojalıq texnikalarının' tayarlıg'ı haqqındag'ı esabatı (6-sxema esabı).
   G) Shomanay rayonının' pasportı (2002-2012 j. 1-yanvar)